# 2023 гъэр угъурлы фхухъу!

ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№156 (24.438) ● 2022 гъэм дыгъэгъазэм (декабрым) и 30, мэрем ● Тхьэмахуэм щэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ●

adyghe@mail.ru
adyghepsale.ru

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал дамыгъэхэр тыным и Іуэхукlэ**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

ЕхъулІэныгъэшхуэхэр зэраІэм икІи илъэс куэд лъандэрэ хьэлэлу зэрылажьэм папщІэ

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щІыхь тхылъыр етын**

**Чэрты Мурат Юрэ и къуэм** - Тезырхэр щрагъэхьэкІ федеральнэ къулыкъум Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щиІэ управленэм езым и шынагъуэншагъэмкІэ и къудамэм и унафэщІым

**Ксанаев Мухътар Абдуллэхь и къуэм** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Лэжьыгъэмрэ социальнэ къыщхьэщыжыныгъэмкІэ и министерствэм социальнэ худэчыхыныгъэхэмрэ ахъшэ етынымкІэ и департаментым и унафэщІым

**Тогузаев Алим Кемал и къуэм** - «Шэрэдж муниципальнэ районым мэкъумэш хозяйствэмрэ ерыскъыпхъэмкІэ и управленэ» муниципальнэ кІэзонэ ІуэхущІапІэм и ІэщІагъэлІ нэхъыщхьэм;

**цІэ лъапІэхэр яфІэщын**:

**«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІыхь зиІэ и артист»**

**ГъущІо Залым Хьэсэн и къуэм** - «Кабардинка» къэфакІуэ къэрал академическэ ансамбль» къэрал кІэзонэ ІуэхущІапІэм и балетым и артист пашэм,

***«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм узыншагъэр хъумэнымкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ»***

**Къэзанокъуэ Ладэ Арнольд и пхъум** - «Бэрбэч Хь.М. и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университет» щІэныгъэ ищхьэ щрагъэгъуэт федеральнэ къэрал бюджет егъэджэныгъэ ІуэхущІапІэм и медицинэ колледжым и егъэджакІуэм,

***«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм цІыхухэм Іуэхутхьэбзэ яхуэщІэнымкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ»***

**Щыхъалы Валерэ Анатолэ и къуэм** - «Грушёвая роща» санаторэ» жэуаплыныгъэ зэпыгъэщхьэхукІэ зиІэ зэгухьэныгъэм и директорым,

***«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм физическэ щэнхабзэмрэ спортымкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ»***

**КІыщ Мухьэрбий Адил и къуэм** - Шэджэм муниципальнэ районым и щІыпІэ администрацэм физическэ щэнхабзэмкІэ, спортымрэ туризмэмкІэ и комитетым и унафэщІым,

**«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІыхь зиІэ и егъэджакІуэ»**

**Кочемовэ Татьянэ Сергей и пхъум**.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Казбек**

*Налшык къалэ*
*2022 гъэм дыгъэгъазэм и 27-м*
*№145-УГ*

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩІыхь тхылъыр тыным и Іуэхукlэ**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

ЩІэблэр егъэджэнымрэ гъэсэнымрэ къаруушхуэ зэрырихьэлІам икІи илъэс куэд лъандэрэ хьэлэлу зэрылажьэм папщІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩІыхь тхылъыр етын **Къэшэж Аслъэн Зариф и къуэм** - Налшык къалэ округым и «Лицей №2» курыт щІэныгъэ щрагъэгъуэт муниципальнэ кІэзонэ ІуэхущІапІэм физикэмрэ астрономиемкІэ егъэджакІуэм.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Казбек**

*Налшык къалэ*
*2022 гъэм дыгъэгъазэм и 28-м*
*№146 -УГ*





# Дэтхэнэми и хэлъхьэныгъэр къыпхуэмылъытэну инщ

**Хабзэ дахэ хъуауэ, Илъэсыщlэм ирихьэлІэу, КъБР-м и Парламентым щагъэлъапІэ республикэм и ІэнатІэ зэмылІэужьыгъуэхэм зэфІэкІ къыщызыгъэлъагъуэхэр. КъБР-м и Парламентым и ЩІыхь тхылърэ республикэм и хабзэубзыху орган нэхъыщхьэм и УнафэщІым и ФІыщІэ тхылърэ цІыху тхущІым нэблагъэм иратащ**.

КъБР-м и Парламентым и УнафэщІ Егоровэ Татьянэ жиІащ 2022 гъэр къэралми дуней псом дежкІи жылагъуэ, политикэ, социально-экономикэ Іуэхугъуэшхуэхэмкlэ гъэнщІауэ зэрыщытар.

- Нобэ Урысейр гъэунэхуныгъэшхуэхэм пэщІэтщ. Ди къэралыгъуэмрэ абы и щхьэхуитыныгъэмрэ епхауэ къызэрыттегуплІэм и закъуэкъым жыхуэсІэр. Апхуэдэ Іуэхухэр, къапщтэмэ, ди тхыдэм и кІыхьагъкІэ хэтщ. Иджырей гъэунэхуныгъэхэр зэпхар ди къэралым щыпсэу лъэпкъхэм лІэщІыгъуэкІэрэ зэтраухуа лъапІэныгъэхэмрэ хабзэхэмрэщ. Дэ абыхэм дапэщІэмыувэу хъунукъым, - къыхигъэщащ Егоровэм.

Абы жиІащ Урысейм и дзэм къулыкъу щызыщІэхэм я лІыхъужьыгъэм папщІэ фІыщІэ зэрахуищІыр.

- Къэбэрдей-Балъкъэрым и социально-экономикэ гъащІэми Іуэхугъуэшхуэхэр щекІуэкІащ. Псом нэхъыщхьэр, республикэм илъэси 100-р зэригъэлъэпІарщ. Гугъуехьхэм емылъытауэ, щІыналъэм ехъулІэныгъэфІхэр иІащ. Ар зи фІыгъэр республикэ унафэщІхэми цІыхубэми щхьэж къылъыс ІэнатІэм хузэфІэкІ зэрыхилъхьарщ, - жиІащ КъБР-м и Парламентым и УнафэщІым. - Мы пэшым нобэ щІэсхэр ІэщІагъэ зэхуэмыдэхэр зиІэ лэжьакІуэшхуэхэращ. Псалъэм папщІэ, егъэджакІуэхэр, дохутырхэр, щэнхабзэм, спортым, экономикэ ІэнатІэм я лэжьакІуэхэр, жылагъуэ Іуэхум хэтхэр. Дэтхэнэми и лэжьыгъэкІэ хэлъхьэныгъэ хуещІ ди къэралымрэ цІыхубэмрэ я зыужьыныгъэм. Абы къыхэкІыу фІыщІэ фхузощІ. Си фІэщ мэхъу адэкІи фи текІуэныгъэхэм зэрыхэвгъэхъуэнур.

Егоровэ Татьянэ КъБР-м и Парламентым и ЩІыхь тхылъхэр яритащ муниципальнэ ІэнатІэм, узыншагъэр хъумэнымкІэ, егъэджэныгъэмкІэ, социальнэ, транспорт, энергетикэ ІуэхущІапІэхэм, спортым, мэкъумэшым, щІыуэпсыр хъумэным, щІэныгъэмрэ щэнхабзэмрэ я лэжьакІуэхэм. КъБР-м и Парламентым и ФІыщІэ тхылъыр хуагъэфэщащ ІэнатІэ зэмылІэужьыгъуэхэм щылажьэ цІыху 15-м.

**КЪАНЩАУЭ Мэлычыпхъу**.

# ДяпэкІи дэІэпыкъуныгъэ ягъуэтынущ

**КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек Стратегие зыужьыныгъэмрэ лъэпкъ проектхэмкІэ советым и зэІущІэм щыжиІащ етІанэгъэ щыщІэдзауэ ди республикэм и къэрал театрхэм ират грант дэІэпыкъуныгъэр тІукІэ нэхъыбэ зэращІынур, апхуэдэ дыдэу къэралыр дэІэпыкъунущ Госфилармонием, «Кабардинка», «Балкария», «Терские казаки» къэфакІуэ ансамблхэм. КъищынэмыщІауэ, щэнхабзэм и лэжьакІуэхэм ират стипендиер хуэдитІкІэ хагъэхъуэнущ. Апхуэдэ ахъшэ ират цІыху 600-м**.

КІУЭКІУЭМ къыхигъэщащ иджыблагъэ щэнхабзэм и лэжьакІуэхэм яхуэза нэужь, апхуэдэ унафэ зэрищІар. А псом нэмыщІ, творческэ ІэщІагъэ зэзыгъэгъуэтауэ республикэм щэнхабзэмкІэ и ІуэхущІапІэхэм щылэжьэну ув ІэщІагъэлІ ныбжьыщІэ 20-м я улахуэм сом миниплІ мазэ къэс худыщІагъунущ.

Апхуэдэ щІыкІэкІэ щэнхабзэ ІэнатІэм дяпэкІи дэІэпыкъуныгъэшхуэ игъуэтынущ. КъБР-м щэнхабзэмкІэ и министр Къумахуэ Мухьэдин зэІущІэм щыжиІащ «Щэнхабзэ» лъэпкъ проектым и фІыгъэкІэ 2022 гъэм «Культурная среда», «Творческие люди» проектитІыр ягъэзэщІащ. Мы гъэм Дыгулыбгъуей, Ташлы-Тала, Къамлыкъуэ, Аруан къуажэхэм, Александровскэ станицэм дэт ЩэнхабзэмкІэ унэхэр зэрагъэпэщыжащ. Уэзрэдж дэт уардэунэр зыхуей хуэгъэзэжыныр 2023 гъэм яухынущ. Налшык къалэ дащІыхьащ Щэнхабзэ зыужьыныгъэмкІэ центр, НыбжьыщІэ театрыр дахэу зэрагъэпэщыжащ. Налшыкрэ Азорейрэ щыІэ ГъуазджэмкІэ сабий школхэри къагъэщІэрэщІэжащ, Прохладнэ дэтыр 2023 гъэм яухынущ. Шэрэдж, Май, Аруан щІыналъэхэм щыІэ ГъуазджэхэмкІэ сабий школхэри макъамэ Іэмэпсымэхэмкlэ, зэрырагъаджэ тхылъхэмкІэ къызэрагъэпэщащ, иджырей мардэхэм изагъэ библиотекэхэр къызэІуахащ.

# ЩІыналъэм нэхъри зиужьынымкІэ Іэмалхэр

**КІуэкІуэ Казбек иригъэкІуэкІащ Инвестицэхэмрэ хьэрычэт ІуэхухэмкІэ КъБР-м и Іэтащхьэм деж щыІэ Советым и зэІущІэр. Кызэхуэсахэм яхэтащ КъБР-м и Правительствэм и УнафэщІ Мусуков Алий, абы и къуэдзэхэр, муниципальнэ администрацэхэм я унафэщІхэр, хьэрычэтыщІэхэр.**

ЗЭІУЩІЭМ Іуэхугъуэ нэхъыщхьэу зи гугъу щащІар Стратегие мыхьэнэ зиІэ жэрдэмхэмкІэ агентствэм илъэс къэс УФ-м и щІыналъэхэм я зыужьыныгъэр зыхуэдэр къызэригъэлъагъуэ ЦІыхубэ рейтингым республикэр зэрыхэтырщ. КъБР-м и Іэтащхьэм пщэрылъ ищІащ зыужьыныгъэр зэлъыта Іуэхугъуэ 67-ми набдзэгубдзаплъэу елэжьыну.

КІуэкІуэ Казбек къыхигъэщащ 2022 гъэм экономикэ Іуэхухэр гугъуу зэрыщытар, ауэ УФ-м и Президентым ищІа унафэхэм тету щІыналъэ программэ псомкІи къалэнхэр зэрызэфІагъэкІар.

- Илъэсым и кІэм къызэригъэлъэгъуащи, республикэм езым и хэхъуэхэр нэхъыбэ хъуащ. 2021 гъэм елъытауэ ар процент 9-кІэ нэхъ инщ, - жиІащ КІуэкІуэм. - Мазибгъум и кІуэцІкІэ инвестицэхэм къыхагъэхъуащ сом мелард 19,4-рэ (процент 3,4-кІэ нэхъыбэ). Промышленностым къыщІигъэкІар процент 105-рэ мэхъу, мэкъумэш ІэнатІэм - процент 104,2-рэ. Гугъуехьхэм емылъытауэ, республикэм и ІуэхущІапІэхэм яхузэфІэкІащ тэмэму лэжьэну. Инвестицэ Іуэху нэхъ инхэри никъуэсаныгъэ щымыІэу ягъэкІуатэ. Иджыри апхуэдэ проектхэр, мэкъумэш ІэнатІэм, промышленность псынщІэм, туризмэм епхауэ, дгъэзэщІэну ди мурадщ.

Республикэм и Іэтащхьэм жиІащ ахэр къайхъулІэн папщІэ, къулыкъущІапІэхэри хьэрычэт Іуэхум хэтхэри псори зэуІуу зэдэлэжьэн зэрыхуейр. Абы къыхигъэщащ хьэрычэт Іуэху зезыхуэхэм хабзэ и лъэныкъуэкІэ яІэ хуитыныгъэхэр Іэмал зэриІэкІэ нэхъ тынш зэрыхуащІыпхъэр. Апхуэдэуи КІуэкІуэ Казбек хьэрычэтыщІэхэм фІыщІэ яхуищІащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщу Украинэм щекІуэкІ Іуэхухэм хэтыну кІуахэмрэ абыхэм я унагъуэхэмрэ зэрызыщІагъакъуэм папщІэ.

ЗэІущІэм зэфІагъэкІ лэжьыгъэм теухуауэ къыщыпсэлъащ экономикэ зыужьыныгъэмкІэ министр **Рахаев Борис**, егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ министр **Езауэ Анзор**, бжыгъэ зыужьыныгъэмкІэ министр **Ащхъуэт Ислъам**, КъБР-м къэрал, муниципальнэ ІуэхутхьэбзэхэР къызэгъэпэщынымкІэ Къалэн куэд щагъэзащІэ центрым и унафэщІ **АфІэунэ Аслъэн**.

Къэпсэлъахэм къызэрыхагъэщамкІэ, коронавирусым зыщиубгъу зэманым щыгъуэ хьэрычэт Іуэху мащІэмрэ курытымрэ яхуэгъэзауэ къыхалъхьауэ щыта дэІэпыкъуныгъэхэм ди къэралым санкцэхэр къыщытралъхьэми зэрызрагъэубгъуар.

ЗэІущІэм щытепсэлъыхьащ ІэщІагъэ къызыщІах курыт еджапІэхэмрэ ІуэхущІапІэхэмрэ зэрызэдэлэжьэфыну Іэмалхэм, 9-нэ классхэм къыщІэкІхэр ІэщІагъэу къыхахынум зэраунэтІыпхъэм, щІэупщІэ нэхъ зиІэ ІэщІагъэхэм щыхурагъаджэхэр зыхуей-зыхуэфІкІэ къызэгъэпэщыным, нэгъуэщІхэми. КІуэкІуэм къалэн ящищІащ промышленность псынщІэм и ІэщІагъэлІхэр щагъэхьэзырыну еджапІэ къызэІухыным егупсысыну.

Къиинщынэмыщауэ, зэІущІэм щыхэплъащ 2023 гъэм Советым и лэжьыгъэр зыхуэунэтІауэ щытынум. «Республикэм инвестицэ ІуэхухэмкІэ и зэфІэкІыр куэдкІэ нэхъыбэу къызолъытэ, иджыпсту абы и процент 70-рщ къэдгъэсэбэпыр. Нэхъыбэж зэрытхузэфІэкІынум дегупсысыпхъэщ», - дыщІигъуащ республикэм и Іэтащхьэм. Абы жиІащ хьэрычэтыщІэхэм я зэфІэкІым хагъэхъуэн папщІэ щІэныгъэ зэхыхьэхэмрэ конференцхэмрэ нэхъ жыджэру хэтын хуейуэ къызэрилъытэр.

КъБР-м и Іэтащхьэм, Правительствэмрэ Парламентымрэ я пресс-ІуэхущІапІэхэм къызэратамкІэ



# Макарон фабрикэр къызэІуахыжащ

**КъБР-м и Іэтащхьэр щыІащ Налшык къалэ дэт макарон къыщыщІагъэкІ «Хлебный дар» фабрикэм. Илъэс зыбжанэ ипэ къызэтрагъэувыІауэ щытат абы и лэжьыгъэр. Иджы ар ирагъэжьэжащ, а фабрикэм зи мылъку хэзылъхьэн къызэрагъуэтам и фІыгъэкІэ.**

РЕСПУБЛИКЭМ и Іэтащхьэм нэхъапэІуэкІэ жиІат щІыналъэм къыщызэтрагъэувыІа ІуэхущІапІэхэм я лэжьыгъэр зэтеублэжын, экономикэм зегъэужьынымкІэ ахэр зэрыхэкІыпІэфІыр. Апхуэдэ ІуэхущІапІэхэм ящыщт Налшык макарон фабрикэри.

КІуэкІуэм зригъэлъэгъуащ макароныр щызэхапщэ, щащІ, щралъхьэ цеххэр, зыщигъэгъуэзащ фабрикэм и Іэмалхэм, лэжьакІуэхэм епсэлъащ.

Налшык макарон фабрикэм и тхыдэр къыщожьэ 1935 гъэм, Налшык щІакхъуэ комбинат щыдащІыхьам. 1993 гъэм ар хъуащ «Макаронпром» ОАО, иужькІэ, 2005 гъэм, «Налшык макарон фабрикэ». Мыбы щыІэщ макароным и фІагъыр къыщахутэ, щыкІэлъыплъ, Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щІыналъэ псом и лабораторэ закъуэр. ІуэхущІапІэр щІы метр зэбгъузэнатІэ мин 15-м тетщ, техникэкІэ къызэгъэпэщащ. Абы зи мылъку хэзылъхьахэм фабрикэр сыт и лъэныкъуэкІи зыхуей хуагъэзащ. Макароныр ди гъунэгъу щІыналъэхэм ящэху, къэралым щІэупщІэ щиІэщ, хамэ къэралыгъуэхэми яшэну зэгурыІуэныгъэхэм хоплъэ. Фабрикэм и ІэщІагъэлІхэм зэрыжаІэмкІэ, хьэрхуэрэгъуу къэувыфыну апхуэдэ зэфІэкІ яІэщ, макарон лІэужьыгъуэ куэд къыщІагъэкІыфынущ. Республикэм и Іэтащхьэмрэ фабрикэм и ІэщІагъэлІхэмрэ тепсэлъыхьащ Іэмэпсымэхэм я ІуэхукІэ нэхъри зауэжьын зэрыхуейм.

Къиинщынэмыщауэ, КІуэкІуэр щыІащ пхъэщхьэмыщхьэхэм щелэжь, зы жэщ-махуэм консерв тонн 240-рэ къыщыщІагъэкІ заводым. Ар ирагъэжьэнущ 2023 гъэм щІышылэ мазэм. Заводыр хамэ къэрал къраша иужьрей техникэкІэ къызэгъэпэщащ, и Іэгъуэблагъэр зыхуей хуэгъэзащ.

УнафэщІхэм я гугъэщ хамэ къэрал кърашсокхэр, сабий шхынхэр, ІэфІыкІэхэр мы заводым къыщыщІагъэкІ ерыскъыпхъэхэмкІэ зэрахъуэкІыну. Мыбы зи мылъку хэзылъхьар пхъэщхьэмыщхьэм щелэжь, щахъумэ мэкъумэш ІуэхущІапІэ зиІэщ. Пхъэщхьэмыщхьэр зэрахъумэм и фІыгъэкІэ, заводыр къызэтемыувыІэу илъэс псом лэжьэнущ. Къыхэгъэщыпхъэщ унагъуэхэм кърахьэлІэж пхъэщхьэмыщхьэр а заводым иратыну Іэмал зэрыщыІэнур, уеблэмэ хьэпІацІэуахуэри зэрыІахынур.

Республикэм и Іэтащхьэм жиІащ предприятэхэм нэхъри зауэжьын, ефІэкІуэн папщІэ, зыхуэныкъуэ псомкІи щІэгъэкъуэн зэрагъуэтынур. «Макарон фабрикэмрэ пхъэщхьэмыщхьэм щелэжьыж заводымрэ я лэжьыгъэр зэтедублэмэ, абы ди экономикэм зригъэужьынущ, мэкъумэш ІэнатІэмрэ сатумрэ зэригъэкІуатэм и фІыгъэкІэ», - къыхигъэщащ КІуэкІуэм.

# Бжьыхьэ лэжьэгъуэм и иужьрей зэІущІэ



**КъБР-м и Парламентым и УнафэщІ Егоровэ Татьянэ иригъэкІуэкІа зэІущІэм депутатхэр щыхэплъащ Іуэхугъуэ 30-м нэблагъэм.**

КъБР-м ЦІыхухэм я хуитыныгъэхэр хъумэнымкІэ и уполномоченнэ Зумакулов Борис зэІущІэм и пэм «Къэбэрдей-Балъкъэрым цІыхум и хуитыныгъэр щыхъумэн папщІэ» юбилей медалыр иритащ Егоровэ Татьянэ.

- Хуитыныгъэхэр хъумэнымкІэ щІыналъэ ІуэхущІапІэр къызэрыунэхурэ илъэс 15 зэрырикъум и щІыхькІэ къыдагъэкІа мы дамыгъэр КъБР-м и Парламентым и УнафэщІым етыным теухуа унафэр къэпщытакІуэ советым къыхилъхьащ цІыхум и хуитыныгъэхэмрэ щхьэхуитыныгъэмрэ хъумэным абы зэпымыууэ и нэІэ зэрытригъэтым, уполномоченнэм и лэжьыгъэр зэрыдиІыгъым къыхэкІыу, - жиІащ Зумакуловым.

Егоровэ Татьянэ абы ехъуэхъуащ КъБР-м ЦІыхухэм я хуитыныгъэхэр хъумэнымкІэ и уполномоченнэм и лэжьыгъэр къызэрызэрагъэпэщрэ илъэс 15 зэрырикъумкІэ, адэкІи ехъулІэныгъэхэр яІэну зэригуапэр дыщІигъуащ.

Депутатхэм зэхъуэкІыныгъэ зыбжанэ халъхьащ КъБР-м и Парламентыр 2022 гъэм и бжьыхьэ лэжьэгъуэм зыхэплъэн хуейуэ игъэбелджылауэ щыта Іуэхугъуэ нэхъыщхьэхэм. Ахэр илъэсыщІэм ягъэкІуэтащ.

Апхуэдэуи депутатхэр хэплъащ УФ-м сату Іуэхур зэрыщызэтраухуэм и лъабжьэм, къэрал, муниципальнэ къэпщытэныгъэм, псэущхьэхэм жэуаплыныгъэ яхэлъу зэрыкІэлъыплъыпхъэм, транспорт шынагъуэншагъэм, егъэджэныгъэм теухуауэ къэралым и нэгъуэщІ щІыналъэхэм къабгъэдэкІ федеральнэ законхэм я проектхэм, жэрдэмхэмрэ зэрызыхуагъазэхэмрэ.

Депутатхэм унафэ къащтащ КъБР-м и Парламентым и ЩІыхь тхылъ лэжьакІуэ пажэхэм зэрыратынум теухуауэ.

# Сакъыну къыхуреджэ

КъБР-м щыІэ Оперативнэ штабыр республикэм щыпсэухэмрэ и хьэщІэхэмрэ къедгъэблагъэ ИлъэсыщІэмрэ РождествомкІэ йохъуэхъу икІи сакъыну, терророрым пэщІэтынымкІэ хабзэм тетыну къыхуреджэ:

- щытыкІэ къызэрымыкІуэ, фыкъэзыухъуреихьхэм я дежкІэ шынагъуэ къэзышэнкІэ хъуну Іуэхухэр къэвмыгъэхъу;

- фи автотранспортыр абыхэм хухэха щІыпІэхэм деж щывгъэув;

- шэч къызытефхьэ хьэпшыпхэм е автомашинэхэм фрихьэлІэмэ, апхуэдэуи терактхэр ирагъэкІуэкІыным, цІыхухэм къауэ пкъыгъуэхэмрэ Іэщэрэ зэраІыгъым, щІэпхъаджагъэхэм зыхуэгъэхьэзырыным икІи ар лэжьыным пыщІа цІыхухэм ехьэлІа хъыбар гуэр къафщІэмэ, хабзэхъумэхэм икІэщІыпІэкІэ хъыбар евгъащІэ е къызэрымыкІуэ щытыкІэхэм деж дэІэпыкъуэгъу хъуну зи къалэн ІуэхущІапІэхэм фыпсалъэ;

- хабзэхъумэхэм, апхуэдэуи цІыху куэд зыхэт зэхуэсхэр щекІуэкІым деж шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщыныр зи лэжьыгъэ нэгъуэщІ къулыкъущІэхэм хабзэкІэ къыфхуагъэувхэр вгъэзащІэ.

Сыт хуэдэ Іуэхуми теухуауэ къаІэрыхьэ хъыбарыр нэгъэсауэ къапщытэнущ, зыхуэфащэ Іуэхухэр зэфІахынущ цІыхухэм я шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщыным ехьэлІауэ.

КъБР-м и Оперативнэ штабым шэч зыхуащІхэм ятеухуауэ хъыбарыр къызыбгъэдэкІ цІыхухэм шэсыпІэ ярет ахэр хэтми хэІущІыІу ямыщІыну, апхуэдэуи респбликэм щыпсэухэм фІыщІэ яхуещІ зэрызэхащІыкІым папщІэ.

**«Линэ пщтырым» и телефонхэр**:

КъБР-м щыІэ Оперативнэ штабым: 48-15-48;

Урысейм и ФСБ-м и управленэу КъБР-м щыІэм: 48-15-81 (дзыхь зрагъэз телефон);

КъБР-м щыІэ МВД-м: 40-49-10 (плъыр часть); 49-50-62 (дзыхь зрагъэз телефон);

УФ-м СледствиемкІэ и комитетым СледствиемкІэ и управленэу КъБР-м щыІэм - 77-64-22 (дзыхь зрагъэз телефон);

Урысейм и МЧС-м и Управленэ нэхъыщхьэу КъБР-м щыІэм - 39-99-99 (плъыр часть).

***КъБР-м щыІэ Оперативнэ штаб.***







# Бжыгъэхэмрэ яхузэфIэкIахэмрэ

*2022 гъэр Iуэхугъуэ гукъинэж куэдкIэ гъэнщIауэ щытащ, республикэм къалэн щхьэпэ куэд щызэфIагъэкIащ, цIыхухэм я псэукIэр зэрырагъэфIэкIуэн Iэмал Iэджэ къызэрагъэпэщащ, гъащIэр нэхъ тынш, зэIузэпэщ щIыным телэжьащ. Ди газетымкIэ фэдгъэщIа хъыбархэм дриплъэжри, мыхьэнэ нэхъ зиIэ, сэбэпынагъ нэхъ зыпылъ, цIыхубэр нэхъ зыщыгуфIыкIа бжыгъэхэмрэ Iуэхухэмрэ щызэхуэтхьэсыжащ мы тхыгъэм.*

## Илъэсищэр гукъинэжу

Мы гъэм мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхугъуэу екIуэкIар, дауи, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэр къызэрызэрагъэпэщрэ илъэси 100 зэрырикъуарщ. Ар Iэтауэ щагъэлъэпIащ ди республикэм. Хэгъэгум лъэпкъыу исыр зэхыхьэри, Абхъазым и утыкум лъэпкъ пщIантIэхэр щагъэуващ, щIыналъэхэр зыхуэкъулейхэр утыку кърахьэри, район къэс берычэту Iуэхум къыхыхьащ. КъищынэмыщIауэ, мэкъумэш IэнатIэм, хьэрычэт Iуэхум, къэхутэныгъэ лэжьыгъэм, нэгъуэщIхэми епхауэ щыIэ ехъулIэныгъэхэр нэрылъагъу ящIу щIыпIэ зэмылIуэжьыгъуэхэм гъэлъэгъуэныгъэ телъыджэхэр щекIуэкIащ.

А пIалъэм къриубыдэу куэд щызэфIагъэкIащ республикэм. Псалъэм папщIэ, къалэм и проспект нэхъ иниплIыр зэуэ къагъэщIэрэщIэжащ, паркхэр нэхъ щIэщыгъуэ ящIащ, сквери 9 къэунэхуащ, къат куэду зэтет унэхэм я пщIантIэ 50 зыхуей хуагъэзащ, нэгъуэщI хэхъуэ куэди диIащ.

Нэхъ гукъинэжрати, адыгэ зэрыс зэкъуэш республикищым - Къэбэрдей-Балъкъэрым, Къэрэшей-Шэрджэсым, Адыгейм - я махуэхэр зэгъусэу Москва щрагъэкIуэкIащ. Кремль уардэунэм щагъэлъэгъуащ ди щэнхабзэ хъугъуэфIыгъуэхэр, къафэхэмкIэ, уэрэдхэмкIэ зэхэт концерт дахэ щекIуэкIащ. Республикэм икIа лIыкIуэхэм абы къащехъуэхъуащ Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир. Апхуэдэу къэпсэлъащ АР-м, КъБР-м, КъШР-м я Iэтащхьэхэу КъумпIыл Мурат, КIуэкIуэ Казбек, Темрезов Рашид сымэ. ДигазетымкIэкъызэрыдгъэлъэгъуэжащи, а махуэхэм ирихьэлIэу Москва щекIуэкIащ Адыгэ кином и тхьэмахуэ, ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей драмэ театрым къалащхьэм спектакль щигъэлъэгъуащ. Музыкэ театрым и артистхэмрэ щэнхабзэм и лэжьакIуэхэмрэ зыхэта концерт екIу щхьэхуэу щекIуэкIащ, Урысейм и иджырей тхыдэмкIэ музейм къыщызэрагъэпэщащ «Къэбэрдей-Балъкъэр. ЛIэщIыгъуэхэм япхыкI гъуэгуанэр» гъэлъэгъуэныгъэр, нэгъуэщIхэри.

## Сабийхэм ядоIэпыкъу

Зи ныбжьыр илъэси 8-м щегъэжьауэ илъэс 17-м нэс сабийхэм мазэ къэс ахъшэ яхухэхыным теухуауэ федеральнэ IэнатIэм къыщащта унафэр накъыгъэм и 1-м щIадзауэ ягъэзащIэ. А унафэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыщ унагъуэу мин 63,5-рэ хэхуащ икIи абыхэм псори зэхэту сом меларди 7,5-рэ хухахащ.

## Улахуэм хэхъуащ

ПсэукIэр егъэфIэкIуэным теухуауэ республикэм ича лъэбакъуэ нэхъыщхьэхэм ящыщщ бюджет IэнатIэм щылажьэхэм я улахуэр 2022 гъэм шыщхьэуIум и 1-м щегъэжьауэ проценти 10-кIэ зэрыхагъэхъуар. Бюджетым и ахъшэу а Iуэхум лейуэ сом мелуан 504,5-рэ хуаунэтIащ. Псори зэхэту ику иту цIыхухэм зы мазэм къалэжь ахъшэр сом 31679-м нэсащ дызэрыт илъэсым.

## ЛэжьапIэншэхэр мащIэ мэхъу

КъулыкъущIэхэм я нэIэ зытетхэм ящыщщ цIыхухэр лэжьапIэ IэнатIэхэмкIэ къызэгъэпэщыныр. Къэгъэлъэгъуапхъэщ а къалэным мыIейуэ зэрехъулIари. ЛэжьапIэншэу ятхауэ щыта цIыхухэм я бжыгъэр хуэди 7-кIэ нэхъ мащIэ ящIащ.

## Унэ кхъахэхэм къыщIагъэIэпхъукI

ЦIыхухэр кхъахэ хъуа унэхэм къыщIагъэIэпхъукIынымкIэ къэралым дыщыпашэщ. ЦIыху 1029-рэ пэш 393-м къыщIагъэIэпхъукIащ. ДяпэкIи цIыху 1823-рэ унэщIэхэм ягъэIэпхъуэ.

2023 гъэм Налшык къалэм и псэупIэ хьэблэхэм зыубгъуауэ ухуэныгъэхэр щрагъэкIуэкIыу щIадзэнущ. Апхуэдэ лэжьыгъэхэр щрагъэжьащ «КъуэкIыпIэ» хьэблэм. Абы иджыпсту псори зэхэту метр зэбгъузэнатIэ мини 125-м нэблагъэ къызэрыкI псэупIэ унэу 54-рэ щащI. Ахэр щIыналъэхэм комплекснэу зегъэужьынымкIэ программэм хеубыдэ. Абыхэм къадэкIуэу псэупIэ комплексу 8 кърагъэжьащ, псори зэхэту метр зэбгъузэнатIэ мин 932-м щIигъуу.

2022 гъэм и закъуэ сом мелард 12,5-рэ ухуэныгъэм хилъхьэну къыIэрыхьащ республикэм

.

## Гъуэгухэр ирагъэфIакIуэ

Гъуэгухэм ехьэлIауэ лэжьыгъэшхуэ нэгъаби мы гъэми ирагъэкIуэкIащ. Дызэрыт илъэсым республикэм и гъуэгухэр егъэфIэкIуэным сом меларди 4,2-м щIигъу трагъэкIуэдащ. Зэрагъэпэщыжа автомобиль гъуэгухэр псори зэхэту километри 170-рэ мэхъу.

## Медицинэр и пIэ иткъым

ПсэукIэ зэIузэпэщым и лъабжьэ нэхъыщхьэр, шэч хэмылъу, цIыхухэм я узыншагъэрщ. Республикэм узыншагъэр хъумэнымкIэ и IэнатIэм, коронавирус узыфэ зэрыцIалэм щытыкIэр гугъу зэрищIам емылъытауэ, и лэжьыгъэр зэпIэззэрыту йокIуэкI.

Медицинэ IуэхущIапIэхэр зыхуэщыщIэ техникэхэмкIэ къызэрагъэпэщ. Поликлиникэхэмрэ амбулаторэхэмрэ папщIэ автомобиль 25-рэ къащэхуащ. Мы зэманым Налшык къалэ щаухуэ гъуэлъыпIэ 250-рэ зыщIэтыну Онкологие диспансер. 2022 гъэм льготэ зиIэхэр хущхъуэкIэ къызэгъэпэщыным республикэ бюджетым къыхэкIыу сом мелуан 609-рэ хухахащ.

## Поликлиникэр и кIэм нагъэс

Налшык къалэм дащIыхь поликлиникэм метр зэбгъузэнатIэ мини 10 и инагъщ, абы цIыху 500-м зэуэ Iуэхутхьэбзэ щыхуащIэфынущ. IуэхущIапIэм екIуэлIэнущ налшыкдэс мин 80. Узыншагъэм щыкIэлъыплъыну унэр хьэзыр хъумэ, узыфэр къэхутэнымкIэ, цIыхум и узыншагъэр зэфIэгъэувэжынымкIэ, лышх узыфэм папщIэ амбулаторнэ дэIэпыкъуныгъэ етынымкIэ Iэмалхэр щыIэнущ.

Абы текIуадэ мылъкур федеральнэ бюджетым къыхокI, псори зэхэту сом мелуан 706-рэ ихьынущ.

## Школхэр хьэзыр мэхъу

Мы илъэсым зэуэ школыщIэу 10 щаухуэ ди республикэм, абыхэм ящыщу нэхъ инитIыр Налшыкрэ Бахъсэнрэ дэтынущ, япэр - сабий 1500-м, етIуанэр еджакIуэ 1224-м ятещIыхьауэ щытынущ. Дэтхэнэ зы проектми сом мелардым щIигъу токIуадэ. Ахэр 2023 гъэм къызэIуахыну я мурадщ.

Мы махуэхэм и кIэм нагъэс школакIуэ 785-рэ щIэхуэу Прохладнэ дащIыхь еджапIэр, цIыху 500-м тещIыхьауэ Куба дащIыхьыр, сабий 500 щIэхуэу Нарткъалэ щащI школыр. Къапщтэмэ, «Егъэджэныгъэ» лъэпкъ проектым ипкъ иткIэ 2024 гъэ пщIондэ школ 18 щащIынущ республикэм, абы сабий мин 11,5-рэ щIэхуэнущ.

Солдатскэ станицэм сабии 140-рэ зыщIэхуэн ясельнэ IуэхущIапIэ щаухуэ, метр зэбгъузэнатIэ мин хъуэ. «Комплексное развитие сельских территорий» къэрал программэмкIэ ящI сабий IыгъыпIэм сом мелуан 89-рэ хуаутIыпщащ.

## ЩIалэгъуалэ политикэр япэщ

2022 гъэр яхуэфIащ щIалэгъуалэм. Ди республикэм мы гъэм къыщызэрагъэпэщащ ЩIалэгъуалэ IуэхухэмкIэ министерствэ, КъБР-м и Iэтащхьэм деж ЩIалэгъуалэ политикэмкIэ щыIэ совет. Мы Iуэхур зыхуей хуэзэу зэрагъэкIуэн папщIэ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIалэгъуалэ политикэм зыщегъэужьын» щIыналъэ къэрал программэр зэхалъхьащ. Абы и фIыгъэкIэ иджыри къэс а Iуэхум хухахыу щыта ахъшэр хуэдипщIкIэ нэхъыбэ хъунущ.

2023 гъэм щIалэгъуалэ Iуэхухэр дэгъэкIыным сом мелуан 251-рэ къыхуаутIыпщынущ. ЩIалэгъуалэ мин 70-м Iуэхугъуэ 35-мкIэ щадэлэжьэнущ ди лъахэм.

## НыбжьыщIэхэм я уардэунэ

УФ-м и Президентым и унафэкIэ, 2022 - 2024 гъэхэм КъБР-м сом мелард къыхуаутIыпщынущ Налшык дащIыхь ЩIалэгъуалэм я творчествэмкIэ уардэунэр и кIэм нагъэсын папщIэ. Уардэунэм хэтынущ щIалэгъуалэм я жэрдэмхэр щыпхагъэкIыфын, я лэжьыгъэхэр утыку къыщрахьэфын пэшхэр, студиехэр. IуэхущIапIэм гъэлъэгъуэныгъэхэр, щIалэгъуалэ зэхыхьэхэр, фестивалхэр, щIэныгъэ конференцхэр щебгъэкIуэкI хъунущ.

## Щэнхабзэм - гулъытэ хэха

Щэнхабзэ IэнатIэм и мылъку-техникэ лъабжьэр егъэфIэкIуэным хуэунэтIауэ лэжьыгъэшхуэ екIуэкIащ. Бахъсэн районым хыхьэ Къулъкъужьын Ищхъэрэ къуажэм сабийхэр гъуазджэм щыхуагъасэу дэт школыр, Къып Мухьэмэд и цIэр зезыхьэр, къагъэщIэрэщIэжащ, Дзэлыкъуэкъуажэ щыIэ сабий макъамэ еджапIэм и къудамэр зэрагъэпэщыжащ. Республикэм и Гуащэ театрым зэгъэпэщыжыныгъэ лэжьыгъэшхуэхэр щрагъэкIуэкIащ, Литературэ музейм и Iыхьэ гуэр зэфIагъэувэжащ. Республикэм и библиотеки 159-м я тхылъ фондым хагъэхъуащ, къуажэхэм дэт ЩэнхабзэмкIэ унэхэр пщIы бжыгъэкIэ зэрагъэпэщыжащ.

Мы IэнатIэр ипэкIэ гъэкIуэтэнымкIэ, цIыхубэм я зэхэщIыкIыр къэIэтынымкIэ нoби лэжьыгъэшхуэ ирагъэкIуэкI гуп цIэрыIуэхэу «Кабардинка», «Балкария» къэфакIуэ ансамблхэм, ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей драмэ театрым, Кулиев Къайсын и цIэр зезыхьэ Балъкъэр драмэ театрым, Горький Максим и цIэр зезыхьэ Урыс драмэ театрым. 2023 гъэм щэнхабзэм и лэжьакIуэхэм я улахуэм хагъэхъуэну я мурадщ.

## Мэкъумэш IэнатIэр

2022 гъэм КъБР-р хэхуащ мэкъумэшыщIэхэр федеральнэ ахъшэкIэ щыдаIыгъыну УФ-м и щIыналъэ 22-м. Абы ипкъ иткIэ, ди республикэм къыхуаутIыпщынущ сом мелуан 727-рэ.

Шэджэм районым гектари 100 къызэщIэзыубыдэ хуабэщ щаухуэн щIадзащ, абыхэм цIыху 1226-рэ щылэжьэнущ. Абы хадэхэкIхэр илъэс псом щагъэкIыну Iэмал яIэнущ. А Iуэхум текIуэдэнущ сом мелард 22,5-рэ.

Мы гъэм пхъэщхьэмыщхьэ хъумапIэу 5-м лэжьэн щIадзащ.

## Комбинатыр ирагъэжьэж

Тырныауз къалэм щыIэ вольфрам, молибден къыщIэхыпIэр зэтегъэувэжыным пэрыхьащ республикэ унафэщIхэр. Абыхэм я мурадщ 2025 гъэм ирихьэлIэу комбинатым лэжьапIэ IэнатIэу 1000 къыщызэIуахыжыну. Иджыпсту абы щылажьэ IэщIагъэлIхэр 50-м щIегъу. Псори зэхэту проектым трагъэкIуэдэнущ сом мелард 56-рэ.

## Туризмым зеужь

Мы илъэсым ди республикэм къакIуэ туристхэр зы мелуаным щхьэпрыкIащ. Абы хьэзыр щащIащ сату IуэхущIапIэхэр зытет, автомашинэу 800 зытехуэну гъэувыпIэр, гъуэгухэр щрагъэфIакIуэ. ДызыхуэкIуэ илъэсым иджыри ухуэныгъэ зэмылIэужьыгъуэу 10 хьэзыр ящIынущ - лыжэ къэжыхьыпIэ гъуэгуи 8-рэ кIапсэ гъуэгуитIрэ яутIыпщынущ.

Къызэрабжымкlэ, нобэ туризмэм и IэнатIэм зэфIигъэкI Iуэхутхьэбзэхэр сом меларди 10-м щIегъу. Абы къокI туризмэм и IэнатIэм ди деж щIэгъэхуэбжьауэ зыщиужьу. Туристхэм загъэпсэхун папщIэ зыхуеину Iэмал псори республикэм зэтеубла щыхъуащ иджыри инвестицэ мылъку халъхьэ.

## Спортыр япэ ирагъэщ

ЦIыхум и узыншагъэр хъумэнымкIэ мыхьэнэшхуэ иIэщ физическэ щэнхабзэмрэ спортымрэ зегъэужьыным, гъащIэ узыншэ ехьэкIыным дегъэхьэхыным. Мы зэманым щIыналъэм щолажьэ спорт школу 47-рэ, республикэм и гуп къыхэхам зыщагъэхьэзыр спорт центр. Абыхэм цIыху мин 78-м спорт лIэужьыгъуэ 38-кIэ зыщагъасэ.

## КомплексыщIэ яухуэ

Дызэрыт зэманым спортым и щIымахуэ лIэужьыгъуэхэм зыщыхуагъасэ физкультурэ комплексрэ лъэрыжэкIэ къыщажыхь стадионрэ Налшык щаухуэ. Физкультурэузыншагъэ щрагъэфIакIуэ IуэхущIапIэ иным республикэ, къэрал мыхьэнэ зиIэ зэхьэзэхуэхэр щекIуэкIынущ. IуэхущIапIэм хэтщ щыджэгу пэшышхуэ, метр 50 зи кIыхьагъ псыгуэн, тренажерхэр зыщIэт пэш, тир, нэгъуэщIхэри. Ухуэныгъэм сом мелун 270-рэ хухахащ. Абы спортсмен 77-м зэуэ зыщагъэсэфынущ, цIыху 317-рэ щIэхуэнущ. И инагъыр метр зэбгъузэнатIэ мини 4 мэхъу, 2023 гъэм яухыну я мурадщ.

**НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ,**
*«Адыгэ псалъэ» газетым политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ и къудамэм и унафэщI.*

# Кадетхэр ягъэгушхуэ

**Къэрал кlуэцl lуэхухэмкlэ министру КъБР-м щыlэ, полицэм и генерал-лейтенант Павлов Василий, «Полицей Уае Дадэ» урысейпсо акцэм хыхьэу яlущlащ Налшык къалэм и курыт еджапlэ №7-м, Совет Союзым и lIыхъужь Калюжный Н. Г. и цlэр зезыхьэм, полицэм и кадет классхэм щеджэхэм.**

КАДЕТХЭМ яхуэзэну къэкlуат УФ-м и Къэрал Думэм и депутат Родинэ Викторие, КъБР-м щыlэ МВД-м дэлажьэ Жылагъуэ советым и тхьэмадэ Мэкъушэ Руслан, республикэ ОВД-м и ветеранхэм я щlыналъэ организацэм и тхьэмадэ Пыхъ Мулэед сымэ.

Павлов Василий ныбжьыщlэхэм дызытехьэ Илъэсыщlэмкlэ ехъуэхъуащ, кадетхэр еджэныгъэм зэрехъулlэр къыхигъэщри, жиlащ 2023 гъэр абыхэм я дежкlэ нэхъыфlыжу зэрыщытынур и фlэщ зэрыхъур.

- Фэ вгъэзэщlащ дыкъызэрывгъэгугъар - фlыуэ феджэну, гъэсэныгъэ дахэ къэвгъэлъэгъуэну. КъБР-м щыlэ МВД-м и унафэщlхэм къабгъэдэкlыу сынывохъуэхъу дызыпежьэ махуэшхуэмкlэ, мамыру фыпсэуну. Щlэблэм зэи зауэ ямылъагъуу ди къэралым и зыужьыныгъэм хуэлэжьэну, дэ фхуэтщl дзыхьыр вгъэпэжыну, - жиlащ министрым.

Адэкlэ Павлов Василий еджэныгъэм нэхъ къыщыхэжанык lа кадети 6-м яритащ илъэсыщlэ зыгъэпсэхугъуэ махуэхэм кърихубыдэу Урысей МВД-м и Краснодар университетым зыплъыхьакlуэ зэрыкlуэну сертификатыр.

Ныбжьыщlэхэм ехъуэхъуащ Родинэ Виктории икlи школакlуэхэм къэралым и lIыхъужьхэм ятеухуа тхылъхэр тыгъэ яхуищlащ.

- Хэкупсэ нэсыр - ар и къэралым и тхыдэр зыщlэрщ. Фэ фыдигугъапlэщ икlи дызэрыгушхуэщ. Фэри фи адэанэхэми узыншагъэ быдэрэ зэlузэпэщыгъэрэ фиlэну си гуапэщ. Фэ, фащэр зыщыгъхэм, дыщыфхэплъэкlэ, долъагъу къэкlуэну зэманым и хабзэхъумэ нэсхэр, - къыхигъэщащ Родинэ Викторие.

Псалъэ гуапэхэм къыпэщащ Мэкъушэ Русланрэ Пыхъ Мулэедрэ. 2023 гъэм ехъулlэныгъэщlэхэр яlэну, я хъуэпсапlэхэм ялъэlэсыну ехъуэхъуащ ахэр ныбжьыщlэхэм.

Еджапlэм и унафэщl Хьарзынэ Заур КъБР-м щыlэ МВД-м и унафэщlхэм фlыщlэ яхуищlащ кадетхэм къыхуаlэ гулъытэм, я нэlэ къазэрытетым папщlэ икlи къызэхуэсахэм къэблэгъа илъэсыщlэмкlэ ехъуэхъуащ.

- Сабийхэм ди нэlэм щlэту фlыкlэ захъуэж. Абыхэм щапхъэ трах я адэ-анэхэмрэ ущиякlуэхэмрэ, - къыхигъэщащ Хьарзынэ Заур.

Зэlущlэм пищэу ныбжьыщlэхэм гъэщlэгъуэни къапэплъэрт - къызэгъэпэщакlуэхэм кадетхэм папщlэ къызэрагъэпэщат «Научное шоу» зыфlаща теплъэгъуэ. Аниматорхэр, Уае Дадэмрэ Уэс Гуащэмрэ, апхуэдэуи щlэныгъэлl цlэрыlуэ Эйнштейн Альберт сымэ я щыгъынхэмкlэ захуапэри, узыlэпызышэ теплъэгъуэ ягъэлъэгъуащ. Реактив хэхахэмрэ lэмэпсымэхэмрэ къагъэсэбэпурэ, абыхэм сабийхэр удзыхьэх щlэныгъэ дунейм хашат. Ахэр умэзэхауэ кlэлъыплъхэрт сценэм къыщыхъум. Щlэныгъэ программэм и къызэгъэпэщакlуэхэм къызэхуэсахэм иргъэлъэгъуащ «катушки Тесла» лэжьыгъэр, lугъуэ lэрыщl зэращlыр, нэгъуэщl куэди. Уае Дадэм сабийхэр итхьэкъуат «Заморозка» шоумкlэ.

Махуэшхуэ зэхыхьэм и кlэухыу хьэщlэхэм школакlуэхэм илъэсыщlэ тыгъэхэр хуагуэшащ.



**БАХЪСЭН Ланэ.**

---

Илъэсыщlэ хъуэхъу



## ПщIэи щIыхьи фхуэсщIу!

**Ди Хэку дахэм ис псоми Илъэсыщlэмкlэ сынывохъуэхъу, «Нэхъыжьхэм я Хасэ» жылагъуэ зэгухьэныгъэм къыбгъэдэкlыу.**

ЖЫЛАГЪУЭМ мамырыгъэмрэ узыншагъэмрэ щытепщэу, лэжьыгъэкlи, щlэныгъэ зэгъэгъуэтынымкlи, спортым щехъулlэнымкlи ди щlалэгъуалэм хуэдэ щымыlэу дыпсэуну Тхьэшхуэм солъэlу!

Лъэпкъым ди хабзэ гъуэзэджэр, бзэуэ щыlэм я нэхъ дахэр тхъумэжыфу, нэхъыжь lумахуэхэр тхуэбжьыфlэрэ нэхъыщlэ уардэхэм я ехъулlэныгъэм дригушхуэу Тхьэм дигъэпсэу!

Мамырыгъэр хэку цlыкlуми хэкушхуэми, дуней псоми щытепщэ ирехъу!

Жэнэт щlыналъэу дызэрысыр, къэралышхуэр езыгъэфlэкlуэфын, хуей хъумэ, зыхъумэжыфын Тхьэшхуэм дищl!

**ДЖАЗЭ Хъусен-хьэжы,**
*«Нэхъыжьхэм я Хасэ» жылагъуэ зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ.*

---

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм лэжьыгъэмрэ цlыхубэр социальнэу хъумэнымкlэ и министр Асанов Алим зи унафэ ищl къулыкъущlапlэм илъэсым къриубыдэу зэфlиха лэжьыгъэр къызэщlикъуэжащ, lэнатlэм щахуэзэфlэкlахэм тепсэлъыхьащ.**

МИНИСТРЫМ къызэрыхигъэщамкlэ, цlыхухэр лэжьыгъэкlэ къызэгъэпэщыныр къулыкъущlапlэм и лэжьыгъэ нэхъыщхьэхэм ящыщщ. 2022 гъэм цlыхубэр лэжьыгъэкlэ къызэгъэпэщыным епхауэ щlыналъэм щыlэ lуэхущlапlэхэм къэрал lуэхутхьэбзэ зэмылlэужьыгъуэхэм къащlэупщlэу цlыху мин 21,4-рэ хуэдизым зыкъыхуагъэзащ, абыхэм ящыщу мин 14,5-м тхылъ къагъэхьащ lэнатlэкlэ къызэрагъэпэщыну щlэлъэlуу.

Дызэрыт илъэсым лэжьыгъэ зэрамыlэмкlэ зыкъыдагъащlэу цlыху мини 7,4-м нэблагъэм «Къэрал lуэхутхьэбзэхэр» интернет утыкум зыкъыщагъэлъэгъуащ. Нэгъабэрей бжыгъэхэм уеплъмэ, ар 1,7-рэ хуэдизкlэ нэхъ мащlэщ.

Цlыхубэр лэжьыгъэкlэ къызэгъэпэщыным епхауэ щlыналъэм щыlэ lуэхущlапlэхэм мы гъэм цlыху 5444-м лэжьапlэ къахуэдгъуэтын тлъэкlащ. Мазэм ирахьэкlа лэжьыгъэм пэкlуэ улахуэр кърату ахэр псори цlыхухэр зыхуэныкъуэ lэнатlэ зэмылlэужьыгъуэхэм пэрытщ. Къэгъэлъэгъуэн хуейщ дыгъэгъазэ мазэм и 1-м ирихьэлlэу лэжьыгъэ къэзылъыхъуэхэм ящыщу процент 37,3-м хуэдизыр lэнатlэкlэ къызэгъэпэща зэрыхъуар. Ауэ щыхъукlи, министрым къызэрыхигъэщамкlэ, ди щlыналъэм лэжьыгъэ lэнатlэ минищым щlигъу иджыри щыlэщ, зыри пэрымыуауэ, цlыху хуэныкъуэу.

Асанов Алим и псалъэмакъыр адэкlэ триухуащ цlыхубэр социальнэу хъумэным ехьэлlауэ къулыкъущlапlэм зэфlигъэкlа lуэхугъуэхэм. «Социальнэ политикэр дызытемыплъэкъукl lуэхугъуэ нэхъыщхьэхэм ящыщщ. Къэрал социальнэ дэlэпыкъуныгъэр социальнэ пособие жыпхъэм иту ялъоlэс ди хэгъэгум щыщ цlыху 588-м. Псори зэгъусэу абыхэм яlэрыхьэ ахъшэр сом мелуани 10,7-м щlегъу. Абы къищынэмыщlауэ, иджыри цlыху 534-м къэрал социальнэ дэlэпыкъуныгъэр еттыну унафэ диlэщ. Абыхэм хуаутlыпщыну ахъшэр мелуан 63,2-м ноблагъэ. Зэрыт щытыкlэ гугъум къишыным теухуауэ иджыри цlыху 682-м защlэдгъэкъуащ», - жиlащ Асанов Алим.

КъБР-м Лэжьыгъэмрэ цlыхубэр социальнэу хъумэнымкlэ и министерствэм социальнэ пособие лlэужьыгъуибгъу абы хуэныкъуэхэм яхуеутlыпщ. Абы хохьэ зэуэ ят, мазищ къэс зэ ят, мазэ къэс ят ахъшэр, сабийм и ныбжьым елъытауэ адэ-анэхэм хуаутlыпщ пособие зэмылlэужьыгъуэхэр, дэlэпыкъуныгъэ хуэныкъуэ унагъуэхэр зэрыт щытыкlэ гугъум къишыным хуэгъэза пособиехэр. Мы пособие лlэужьыгъуэхэр цlыху мин 89,1-м яlэрохьэ, сабий мини 123,4-м ятеухуащ. Псори зэгъусэу пособиехэм сом мелар ди 10,6-м щlигъу къызэщlаубыдэ.

Зи ныбжькlэ пенсием кlуахэм къаlэрыхьэ ахъшэм зэрыхагъэхъуэным и lэмалхэм министерствэм 2022 гъэми пищащ. Пенсэ кlуахэм къаlэрыхьэ ахъшэм щlыналъэ бюджетым къыхэкlыу хущlагъуащ, цlыхум ику иту и улахуэм кlэлъыщlыхьэн папщlи лэжьыгъэшхуэ иригъэкlуэкlащ. Апхуэдэу мы илъэсыр къызэрихьэрэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщу лэжьапlэ lэнатlэ lумыт, ныбжькlэ пенсэм кlуа цlыху мин 63-м щlыналъэ бюджетым къыхэкlыу сом меларди 3,08-рэ хуэдиз хухахащ.

Адэкlэ министрым зэрыжиlамкlэ, дызэрыт илъэсым зи lуэху хуэмыщlа, щытыкlэ гугъум ит бынунагъуэшхуэ щихым псэупlэ тхылъхэр (жилищные сертификаты) иратащ. Апхуэдэ тхылъхэр зыlэщlыхьахэм я псэупlэхэр зэlузэпэщ зэращlын, зыщlэс унэхэр зэрызэфlагъэувэжын е щыпсэун унэ къызэращэхун мылъку къаlэрыхьэну lэмал яlэщ. Дызэрыт илъэсым псэупlэ тхылъхэм хуэдэ бынунагъуэшхуэу 161-м яlэрыхьащ. Къэрал бюджетым къыхэкlыу а lуэхугъуэм сом мелуан 41-рэ трагъэкlуэдащ.

«Дызэрыт илъэсым тхузэфlэкlар мащlэкъым, ауэ нэхъыбэж къытпэщылъщ. Лэжьыгъэкlэ е псэупlэкlэ гугъу ехь цlыхум зыщlэгъэкъуэн зэрыхуейр зыхэтщlэу, абы и lэмал-хэкlыпlэхэр къэдулъэпхъэщу дыщытщ. Иджыри къыздэсым длэжьар псори зыхуэунэтlар гъащlэм щытыкlэ хьэлъэ иригъэува унагъуэхэм социальнэ и лъэныкъуэкlэ защlэгъэкъуэнрати, а унэтlыныгъэр дымыгъэужьыхыу адэкlи дгъэкlуэтэну ди мурадщ. Лэжьапlэ lэнатlэкlэ цlыхур къызэгъэпэщыныр lэщlагъэмрэ щlэныгъэмрэ зэрелъытам и мызакъуэу, сом къикlыныгъэмрэ цlыхур а лэжьапlэм зэрыхэзэгъэфынумрэ фlыуэ епхащ. Щытыкlэ зэмылlэужьыгъуэхэр зэщlэгъэхьэным, цlыхум ифl зыхэлъымкlэ дунэтlыным дяпэкlи дыхущlэкъунущ», - жиlащ Асанов Алим.

**ШУРДЫМ Динэ.**

---

Жылагъуэ

# КъайхъулIар мащIэкъым

● Хъыбар гуапэ

# Къэралым щынэхъыфIхэм хабжэ Махуэ Маринэ



**АнэдэлъхубзэмкIэ егъэджакIуэхэм я зэфIэкIыр щагъэлъагъуэ ЕпщыкIуханэ Урысейпсо мастер-класс щекIуэкIащ ди къэралым и щыхьэр Москва. Зэпеуэр къызэригъэпэщащ икIи иригъэкIуэкIащ УФ-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэмрэ щIэныгъэм зегъэужьынымкIэ абы и федеральнэ IуэхущIапэм Лъэпкъ щIэныгъэ IуэхухэмкIэ и институтымрэ. И мурад нэхъыщхьэр Урысей Федерацэм щыпсэу лъэпкъхэм я анэдэлъхубзэр, урысыбзэри хэту, хъумэным сэбэп хуэхъуныращ, лъэпкъ щэнхабзэхэм яку дэлъ зэпыщIэныгъэхэр гъэбыдэныращ, къэралым и цIыхубэм яку дэлъ пщIэр, зэхущытыкIэ дахэр нэхъри егъэфIэкIуэныращ.**

А ЗЭПЕУЭ цIэрыIуэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ егъэджакIуэ хэмыту зы илъэси къанэркъым. Къэралпсо утыкушхуэм зи зэфIэкIхэр нэхъапэIуэкIэ щызыгъэлъэгъуахэм ящыщщ Мэшыкъуэ Iэсият, Джангуразовэ Лизэ, Нэхущ Залинэ, Ефэнды Маринэ, Хур Мадинэ, Къумыкъу Светланэ, Тхъуэст ФатIимэ, нэгъуэщIхэри. Абыхэм къахэкIакъым ябгъэдэлъ щIэныгъэ куумрэ Iуэху зехьэкIэ къызэрымыкIуэмрэ гулъытэ хэха зыхуамыщIа. Уеблэмэ ди щIыналъэм и егъэджакIуэ Iэзэхэм тIэунейрэ тыгъэ къыхуащIауэ щытащ зэпеуэм и саугъэт нэхъыщхьэ «Дыжьын къабзийр».

Лъэпкъыбзэхэр езыгъэджхэм я мыгъэрей къэралпсо зэхьэзэхуэм ди республикэм къыбгъэдэкIыу хэтащ Налшык къалэ дэт езанэ гимназием адыгэбзэмрэ литературэмрэ щезыгъэдж Махуэ Маринэ. Хэтам и мызакъуэу, Махуэм ехъулIэныгъэ лъагэ щызыIэригъэхьащ а зэпеуэ цIэрыIуэм. Iуэхум къыхузэрагъэпэща къэпщытакIуэ гупым зэдэарэзыуэ Маринэ къыхуагъэфэщащ «Егъэджэныгъэм IэмалыщIэхэр хэзылъхьэ егъэджакIуэ» цIэ лъапIэр.

Къыхэдгъэщынщи, урысейпсо утыкум мы гъэм итащ нэгъуэщI зы Марини. Ар Тэрч къалэм дэт курыт школ №2-м и ещанэ классым щIэс Дзэгъэлхэ я пщащэ цIыкIущ. Маринэ цIыкIу ехъулIэныгъэ щызыIэригъэхьащ къэралпсо зэхьэзэхуэм. Ар щытекIуащ «Пушкин Александр и усэхэр - анэдэлъхубзэкIэ» унэтIыныгъэм.

Зыпэрыт лэжьыгъэр игури и псэри хэзылъхьэу езыхьэкI Махуэ Маринэ и цIэр ипэкIи фIыкIэ къэIуащ. Балъкъ Iуфэ Iус Сэрмакъ къуажэм къыщалъхуа Маринэ адыгэбзэм хуиIэ лъагъуныгъэм и къежьапIэр жыжьэ щыIэщ. Жылэм дэт курыт школым ар щIэсащ еджакIуэ нэхъыфIхэм халъытэу. Маринэ абыкIэ щапхъэ хуэхъуащ школым и егъэджакIуэ пашэхэм ящыщ Къардэн Марие. Хъыджэбзыр курыт школ нэужьым щIэтIысхьащ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым адыгэбзэмрэ литературэмкIэ, урысыбзэмрэ литературэмкIэ и къудамэм. ЕгъэджакIуэ IэщIагъэр игъуэта нэужь, Махуэр уващ Налшык къалэ дэт езанэ гимназием, адыгэбзэр иригъэджу.

Абдежми Маринэ щапхъэ къыхуэхъуащ лэжьыгъэм и пIалъэ фIыуэ зыщIэ егъэджакIуэ нэхъыжьхэр. Зэман кIэщIым къриубыдэу абы хулъэкIащ адыгэбзэр еджакIуэ цIыкIухэм фIыуэ яригъэлъагъун, еджэныр ныбжьыщIэхэм щIэщыгъуэ, купщIафIэ ящищIын. Апхуэдэ Iуэху бгъэдыхьэкIэм ехъулIэныгъэфIхэр къыпэкIуащ. Маринэ и еджакIуэхэм адыгэбзэмрэ литературэмкIэ къалэми республикэми щекIуэкI олимпиадэхэм куэдрэ япэ увыпIэхэр къыщахьащ, сыт хуэдэ зэпеуэ, конференц, зэIущIэ екIуэкIами, езыри и сабийхэри жыджэру хэтащ. Ноби аращ. Я егъэджакIуэр щапхъэ яхуэхъуу, абы хиша лъагъуэм ирикIуэхэри яхэтщ Махуэм и гъэсэнхэм.

ЛэжьакIуэ гумызагъэм и лъэр нэхъри щIагъэкI апхуэдэ Iуэхугъуэхэм. Махуэр илъэс куэд лъандэрэ хэтщ икIи мызэ-мытIэу пэрыт щыхъуащ «Си бзэ - си псэ, си дуней» республикэпсо зэпеуэм и унэтIыныгъэ зэхуэмыдэхэм, и Iуэху зехьэкIэ пэрытым и щыхьэту къыхуагъэфэщащ КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм, егъэджэныгъэмкIэ къалэ департаментым, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм къабгъэдэкI щIыхь, фIыщIэ тхылъхэр.

Ди республикэм и мызакъуэу, егъэджакIуэ гумызагъэр дапщэщи жыджэру хэтщ Къэрэшей-Шэрджэс, Адыгей, Осетие Ищхъэрэ - Алание республикэхэм, нэгъуэщI щIыпIэхэми анэдэлъхубзэхэм ятеухуауэ щекIуэкI зэIущIэхэм, зэпеуэхэм. Маринэ зыхэта апхуэдэ зэхуэсхэм ящыщщ, къэбгъэлъагъуэмэ, Владикавказ къалэм щекIуэкIа «Лъэпкъыбзэхэр, щэнхабзэ щIэиныр хъумэнымкIэ анэдэлъхубзэм иIэ мыхьэнэр» конференцыр. Ди республикэм и лIыкIуэу абы къыщыпсэлъащ Махуэр. Апхуэдэ пщIэр егъэджакIуэ Iэзэм къихьащ и цIыху хэтыкIэ екIумкIэ, лэжьыгъэм хуиIэ гудзакъэмкIэ.

Москва щекIуэкI къэралпсо зэпеуэм хэту, Маринэ иджыблагъэ абы щита «мастер-класс» дерсыр теухуат ди республикэм щыпсэу лъэпкъхэм я щэнхабзэм, хабзэхэм, лъэпкъ зэхуэмыдэхэм ящыщ цIыхухэм яку дэлъ зэпыщIэныгъэ екIур къэгъэлъэгъуэным, апхуэдэуи ахэр хэкупсэ гъэсэныгъэм и лъабжьэу зэригъэувым. ЕгъэджакIуэхэр зыхэта конференцми къыщыхэщащ ди лъахэгъу бзылъхугъэр. Дакъикъэ зыбжанэм къриубыдэу Маринэ хузэфIэкIащ ди республикэми, абы и къалащхьэ Налшыки, щылажьэ курыт школми, и IэщIагъэми ятеухуа хъыбар хьэлэмэт, видеогъэлъэгъуэныгъэ хэтрэ адыгэ къафэри щIыгъужу, къызэхуэсахэми къэпщытакIуэ гупми я пащхьэ ирилъхьэн.

А псоми къищынэмыщIауэ, Махуэм бгъэдэлъ зэфIэкIыр зэрылъагэм щыхьэт техъуэ нэгъуэщI зы Iуэхугъуи щыIэщ. Анэдэлъхубзэр езыгъэджхэм я урысейпсо зэпеуэм хэтыну гукъыдэж зыщIахэм я бжыгъэр 600-м нэблагъэрт. Абыхэм ящыщу япэщIыкIэ 81-р нэхъыфIхэм халъытащ. КъыкIэлъыкIуэ зэпеуэм хэта нэужь, а егъэджакIуэхэм къахэбелджылыкIащ зи зэфIэкIхэр нэхъ лъагэу къалъыта цIыху 42-рэ. Абыхэм ящыщу утыкушхуэм ихьэфар егъэджакIуэ 25-рэщ. ФIым я фIыжу къалъыта а гупым яхэхуащ ди республикэм и лIыкIуэ Махуэ Маринэ.

ЕгъэджакIуэ IэкIуэлъакIуэ Махуэм ди республикэм къыхуихьа текIуэныгъэхэм дрогушхуэ псори: егъэджакIуэхэри, бзэм зи лэжьыгъэр епха IэщIагъэлIхэри, ныбжьэгъухэри. Дауи, фIыуэ ялъагъу я егъэджакIуэм и ехъулIэныгъэм щыгуфIыкIащ абы и гъэсэн цIыкIухэр. Урысейпсо утыкум щилъэгъуа Iуэху зехьэкIэ пэрытхэм ящыщ куэд Маринэ и дерсхэм мыгувэу зэрыхиухуэнэнур шэч къызытумыхьэнщи, абы и еджакIуэ цIыкIухэм я псэр нэхъри хузэIуха хъунущ я анэбзэмрэ литературэмрэ, лъэпкъ щэнхабзэмрэ тхыдэмрэ.

Анэдэлъхубзэр хъумэным, абы зегъэужьыным апхуэдэу псэ зэIухакIэ хуэлажьэ Махуэ Маринэ хуэдэ егъэджакIуэхэр дызэриIэм быдагъэ къыпхелъхьэ ди лъэпкъым гъуэгуанэ кIыхь къызэрыпэщылъымкIэ, ди анэбзэу адыгэбзэми зыужьыныгъэрэ зыузэщIыныгъэрэ зэригъуэтымкIэ. Лъэпкъыр хъума хъунымкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ а Iуэхугъуэхэм хьэлэлу телажьэ дэтхэнэми дохъуэхъу ехъулIэныгъэщIэхэр зыIэрагъэхьэу, узыншэу куэдрэ псэуну.

**ЖЫЛАСЭ Маритэ.**



# Аргудан къуажэр къахэжаныкIащ

**Къэбэрдей-Балъкъэрым щыхэплъэжащ республикэм и къалэхэмрэ къуажэхэмрэ зыхуей хуэгъэзэным, Iэгъуэблагъэхэр щхъуантIагъэхэмкIэ гъэдэхэным ехьэлIауэ ирагъэкIуэкIа зэпеуэм кърикIуахэм. КъБР-м и къэралыгъуэр илъэси 100 зэрырикъум и щIыхькIэ екIуэкIат а зэпеуэр.**

ЗЭХЬЭЗЭХУЭМ кърикIуахэр зэхалъхьэжа нэужь, Аргудан къуажэм япэ увыпIэр къихьащ. КъБР-м и Правительствэм и УнафэщIым и япэ къуэдзэ Къуныжь МуIэед Аргудан къуажэ администрацэм и Iэтащхьэ Сунш Ахъмэт иритащ республикэм и Правительствэм и ЩIыхь тхылъым и япэ нагъыщэр. Апхуэдэу республикэ бюджетым къыхэкIыу Аргудан жылэм сом мин 400 хухахащ, къуажэм и зэIузэпэщым трагъэкIуэдэну.

Нобэ къуажэ нэхъ зэIузэпэщхэм ящыщу къалъытэ Аргудан жылэм цIыху минийм щIигъу щопсэу. Лъэпкъ проектхэр, республикэ, федеральнэ программэхэр щIыналъэм зэрыщагъэзащIэм и фIыгъэкIэ, социальнэ IуэхущIапIэхэр къагъэщIэрэщIэжащ, сабий гъэсапIэщIэ щаухуащ, курыт еджапIэ №3-р къызыхуэтыншэу зыхуей хуагъэзэжащ, къуажэ администрацэм и гупэм къит утыкур зэрагъэпэщыжащ.

**ТЕКIУЖЬ Заретэ.**

## Мы махуэхэм

**Дыгъэгъазэм и 30,**
*мэрем*

♦**1972 гъэм** Къэбэрдей-Балъкъэрым Лъэпкъхэм я зэныбжьэгъугъэ орденыр къыхуагъэфэщащ.

♦**1931 гъэм** къалъхуащ КъБР-м щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Чым Юрэ**.

♦**1934 гъэм** къалъхуащ къэрал лэжьакIуэ, УФ-мрэ КъБР-мрэ щIыхь зиIэ я дохутыр **Бер Мухьэдин**.

♦**1941 гъэм** къалъхуащ философие щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор, ЩIДАА-м и академик, УФ-м щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Делэкъарэ Къадырбэч**.

♦**1958 гъэм** къалъхуащ биологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор, КъБР-м щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Тембот ФатIимэт**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru сайтым зэритымкIэ, Налшык уэфIу щыщытынущ. Махуэм хуабэр градус 0 - 2, жэщым щIыIэр градуси 3 - 2 щыхъунущ.

**Дыгъэгъазэм и 31,**
*щэбэт*

♦**1917 гъэм** къалъхуащ филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор, КъБАССР-мрэ РСФСР-мрэ щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ **Балъкъэр Борис**.

♦**1929 гъэм** къалъхуащ УФ-м щIыхь зиIэ и дохутыр **Хьэгъундокъуэ Нурбий**.

♦**1935 гъэм** къалъхуащ композитор, уэрэджыIакIуэ, КъБР-м и цIыхубэ артист, УФ-м гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Бэрэгъун Владимир**.

♦**1938 гъэм** къалъхуащ КъБР-м и цIыхубэ артист **Жылокъуэ Мухьэмэдин**.

♦**1967 гъэм** къалъхуащ ортопед-травматолог, медицинэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор **Къардэн Андрей**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru сайтым зэритымкIэ, Налшык уэфIу щыщытынущ. Махуэм хуабэр градуси 5 - 6, жэщым щIыIэр 1 градус щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар*
**ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ.**

**Лъэпкъ Iущыгъэ:**

**ЦIыхур зэрыдахэр и фэм и закъуэкъым.**

# Флъэгъуагъэхэ, адыгэбзэкIэ къагъэпсэлъа таурыхъхэр?!



*Лъэпкъхэр зэрызэхагъэщхьэхукI нагъыщэ нэхъыщхьэу ябгъэдэлъыр я бзэрщ. Зи бзэр зыхъумэ, ар зыIурылъ, зыгъэлажьэ, езыгъафIакIуэ лъэпкъырщ къэкIуэн дахэ зиIэр. Бзэр зыIурымылъыж лъэпкъым «псэ хэтыжкъым». Абы и хъумэнымкIэ псом нэхърэ нэхъыщхьэр щIэблэм ар ящIэу къэгъэтэджынырщ. Шэч хэмылъуи, псом япэуи а Iуэхур къыщежьапхъэр унагъуэрщ, адэкIэ къалэныр къэрал IуэхущIапIэхэми жылагъуэ зэгухьэныгъэхэми я пщэ къыдохуэ. Псори зэкъуэту Iуэхум телъажьэмэщ ипэкIэ щыкIуэтэнури абы дыщехъулIэнури. Зи анэдэлъхубзэр зыIурылъ щIэблэм и къэкIуэнур шынагъуэншэщ, апхуэдэ сабийхэрщ лъэпкъым и гъащIэм къыпызыщэнур. Ауэ, ди жагъуэ зэрыхъунщи, иужьрей илъэсхэм а Iуэхур дызыгъэгумэщIхэм ящыщщ, ди щIэблэм яхэтщ зи анэдэлъхубзэкIэ мыпсалъэхэр, нэхъ гуемыIужыращи, ар къызыгурымыIуэххэхэр. Гукъыхэщт зиIэ цIыхухэм ар ягъэзэкIуэжын мурадкIэ Iуэхугъуэ зэмылIэужьыгъуэхэр къызэрагъэпэщ. Абы и лъэныкъуэкIэ икъукIэ Iуэху щхьэпэ ирегъэкIуэкI илъэсым щIигъуауэ лажьэ Адыгэ медиаплатформэм. Гупыр зэхэзышар, зи нэIэ щIэтыр Адыгэ Республикэм и ЩIалэгъуалэ парламентым лъэпкъ политикэмрэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэмкIэ и комитетым и унафэщI ЛIыхъукIэ Айдэмырщ.*

*«Къэбэрдей-Балъкъэр» телевиденэм и лэжьакIуэ Шурдым Жан Адыгэ медиаплатформэм и лэжьыгъэ нэхъыщхьэхэр зыгъэзащIэ ЛIыхъукIэ Айдэмыррэ Тхьэкъуахъуэ Мэржанрэ ядригъэкIуэкIа псалъэмакъыр «Адыгэ псалъэм» и щIэджыкIакIуэхэм яфIэгъэщIэгъуэн хъуну къэтлъытащ.*

**- Айдэмыр, Iуэхур щыбублакIэ, зы гугъэ гуэр абыкIэ уиIэщ. СфIэгъэщIэгъуэнщ ар.**

- «Iуэху мыублэ блэ хэсщ», - жеIэ адыгэм. Аращи, сыт хуэдэ зы Iуэхуми уи къару, уи Iэмал, уи зэфIэкI хэплъхьэмэ, зэфIэкIа хъунущ. АдыгэбзэкIэ сабийхэм папщIэ контент гъэпсыныр дэракъым зи гукъэкIыр. Абы куэдрэ тепсэлъыхьащ. Къэбэрдей-Балъкъэрым а унэтIыныгъэм лъэщу зэрыщытелэжьар дощIэ. Iуэхум и пIалъэм, кърикIуам абыхэм я деж зыщыхэдгъэгъуазэри, тегушхуауэ иужь дихьащ. Къэтщтэнщи, «бзэр щыIэн-щымыIэжын» упщIэр куэдрэ къоув. Сыт абы и щыIэныр зэлъытыжар?! Дэ ди еплъыкIэкIэ япэу сабийм и адэ-анэращ, адэшхуэ-анэшхуэращ. А цIыкIухэр таурыхъ еплъыным зэрыдихьэхыр къэплъытэмэ, абы къыкIэлъыкIуэр ди контентыращ. Абы и фIыгъэшхуэ псоми къыдэкIыу къызолъытэ. Аращи, си гугъэри гурыIуэгъуэу къысщохъу: сабийм я анэдэлъхубзэр ящIэу къэгъэхъунырщ.

**- Фи къалэн нэхъыщхьэу зыхуэвгъэувыжыр сыт икIи дауэ абы фехъулIэрэ?**

- Нобэ псори дэзыхьэха Интернетым ди сабийхэр я анэдэлъхубзэкIэ дихьэхыу зэплъын иткъым. Ари ди бзэм и «лъэр щIэзыуд» Iуэхугъуэхэм ящыщ зыщ. Ар къэтлъытэри, сабийхэр нэхъыбэу дэзыхьэх мультфильмхэр адыгэбзэкIэ «къэдгъэпсэлъэну» мурад тщIащ. Iуэхур ипэкIэ кIуэтэнымкIэ зи фIагъ къыдэзыгъэкIахэм «Тхьэм фигъэпсэу!» яжызоIэ. Интернетым и социальнэ напэкIуэцIхэм гу къыщытлъызытэу мылъкукIэ зыкъытщIэзыгъэкъуахэм я фIыгъэкIэ лицензиеу тIу къэтщэхуфащ. Зы лицензэм Iэмал къыдет мультфильми 100 адыгэбзэкIэ зэддзэкIыну, етIуанэм - 26-рэ.

Мульфильмхэр зыдодзэкI литературэбзэм и диалект нэхъыщхьитIымкIэ: къэбэрдей, кIэмыргуей псэлъэкIэм худогъакIуэ. Ауэ, иджы зы Iуэхугъуэ ди щхьэм къиихьащ. Мобыхэм къадэкIуэу, зы мультфильм къатщтэу, абы хэт лIыхъужьхэр адыгэбзэм хэт диалект псомкIи къэдгъэпсэлъэну. Ар зэкIэ гъэунэхуныгъэу едгъэкIуэкIыну аращ, деплъынщ дызыхуэлажьэ цIыкIухэм къазэрыщыхъум.

Мы илъэсым къриубыдэу грант къызэрытхьын проектитху дгъэхьэзыращ. Адыгэ Республикэм Лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствэм и грантыр къытхуагъэфэщащ - сом мин щитI иримыкъу къытIэрыхьащ. АбыкIэ дызыхуэныкъуэ техникэхэм ящыщ къэтщэхуащ - макъыр зэрыттхын, монтаж зэрытщIын Iэмэпсымэхэр дгъэпсын тлъэкIащ.

**- Уи закъуэ Iуэхур къепхьэжьами, нобэ гуп фызэрыгъэхъуащ, Айдэмыр. Дауи, иджы лэжьыгъэ нэхъыби вгъэхъеину къыщIэкIынщ. Си щхьэкIэ сфIэгъэщIэгъуэнщ мы Iуэхум Адыгэ Республикэм и Лъэпкъ театрым и актрисэ Тхьэкъуахъуэ Мэржан къыхэша зэрыхъуамрэ абы и пщэрылъымрэ.**

- Ди Iуэхур зэредгъажьэрэ илъэс зыбжанэ мэхъу. Ауэ зы IуэхущIапIэу дызэрызэхыхьэрэ зы илъэсым тIэкIу щхьэдох. Ди Iуэхур зэрыдгъэпсаращ... Адыгэ медиаплатформэр унэтIыныгъищкIэ дгъэлажьэну гурылъ диIэщ. Япэр - фильм кIэщIхэр адыгэбзэкIэ техыныр; етIуанэр - сабийхэм папщIэ адыгэбзэкIэ контент гъэхьэзырыныр; ещанэр - мультфильмхэр зэрызэхэт сурэтхэр дэрдэру тщIыныр. Иджы а лъэныкъуэхэм пашэ зырыз яIэщ. Сабийхэм папщIэ контент зыгъэхьэзырхэр унафэщIитI мэхъу. КIэмыргуей диалектымкIэ зэддзэкI мультфильмхэм елэжьхэм я пашэр Тхьэкъуахъуэ Мэржанщ. Къэбэрдей диалектымкIэ зэддзэкI мультфильмхэмкIэ къалэн нэхъыщхьэр иджыри къыздэсым зыгъэзащIэу щытар «Къэбэрдей-Балъкъэр» ГТРК-м щылэжьа Вэрокъуэ Софятщ. А бзылъхугъэм Iуэхушхуэ къыддригъэкIуэкIащ, иджыри ди гупым хэтщ, зыпэрыхьа лэжьыгъэщIэмкIэ и пщэрылъхэр куэд мэхъури, ди деж щигъэзащIэ унафэщI къалэныр зыщхьэщихащ.

Адыгэ медиаплатформэм Мэржан жэуаплыныгъэшхуэ щехь. Мультфильмхэр адыгэбзэкIэ зэдзэкIыныр, макъыр егъэтхыныр, монтаж щIыныр, нэгъуэщI Iуэхугъуэхэри зыхуей хуэгъэзэу къызэгъэпэщыныр, зэфIэгъэкIыныр абы и нэIэм щIэту йокIуэкI.

**- Мэржан, узыпэрыхьа Iуэхум дауэ уехъулIэрэ, апхуэдиз лэжьыгъэр зэдэпхьыну къыптехьэлъэркъэ?**

- Уи лъэпкъ уигу хуэуз щыхъукIэ, уи бзэр фIыуэ щыплъагъукIэ, уэ езым уи сабийхэм а бзэр щаIэщIэхукIэ, абы пыщIа гугъуехьым уегупсысыркъым. Бзэм и гуащIэр щIэкIуэсыкIынкIэ шынагъуэ зэрыщыIэр ди щхьэм и деж къызэрыщежьэр згъэунэхуащ. Си сабиитIым язым нэхъ ещIэ и анэдэлъхубзэр, адрейм IэщIэхуащ. Илъэс бжыгъэ хъуауэ си гум илът: «Мы мультфильмхэр ди бзэкIэ зэддзэкIатэмэ хъарзынэтэкъэ?!» - жысIэу. Ауэ ди республикэм абы и Iуэху зезыхуэ зыри щыслъагъуртэкъым. ИтIанэ зэхэсхащ Адыгэ медиаплатформэ зэрыщыIэр, абы и IуэхукIэ лэжьэн мурад иIэу. Сэ езыр сакъыхуэкIуащ. Iуэхур зэтегъэпсыхьащ, тыншу дызэдолажьэ. Мультфильмхэр адыгэбзэкIэ зэредзэкI Адыгей педколледжым и лэжьакIуэ Унэрокъуэ Шэмсэт. Сэ иджыпстукIэ нэхъыбэу сызыпэрытыр мульфильмхэм я лIыхъужьхэр адыгэбзэкIэ «къэзыгъэпсэлъэну» актёрхэр къегъэблэгъэнырщ. Абыхэм я мызакъуэуи, Iуэхум гукъыдэж хузиIэхэри къыхыдошэ, ахэри хъарзынэу полъэщ.

**- Айдэмыр, зэрагугъауэ, зэрырагъэжьауэ Iуэхур екIуу нэзыгъэсыфыр закъуэтIакъуэщ, псом хуэмыдэу мылъкукIэ щIэгъэкъуэн ущыхуэныкъуэм и деж. Абы гукъыдэж хуиIэху, ар къыбдаIыгъыху кIуэтэнущ. Зы пIалъэ гуэрым фынэсу Iуэхур къэкъутэжынкIэ шынагъуэ щыIэу уегупсысыркъэ?**

- ПIалъэ зимыIэ, ар цIыхууи, хьэпшыпуи, Iуэхууи ирехъуи, зыри дунейм теткъым. Аращи, ди къару, ди Iэмал къихьыху дызэдэлэжьэну зэгурыIуэныгъэ зэтщIылIащ гупым. Дэ тщIэм хуэныкъуэ щыIэху, Iуэхум пытщэнущ. Дэ дымылэжьэжми, щапхъэ ттезыхыу ди ужь къиувэн зэрыщыIэнум шэч къытесхьэркъым. Апхуэдэ гугъэхэр дагъэщI нобэ ди деж къекIуалIэ ныбжьыщIэхэм. Ахэр лэжьыгъэм димыхьэхыу щытамэ, къытхыхьэнут?!

**- СфIэгъэщIэгъуэнщ адыгэбзэкIэ къэвгъэпсэлъэну мультфильмхэр къызэрыхэфхыр?**

- Ди бгъэдыхьэкIэр зэрыдгъэпсри... ТелевизоркIэ нэхъыбэрэ къагъэлъагъуэхэм ящыщу нэхъ зэплъхэращ къыхэтхыр. АбыкIэ Iуэхум хэзыщIыкIхэри чэнджэщэгъу тщIащ.

**- Интернетым нэмыщI нэгъуэщI гъэлъэгъуапIэ фиIэ?**

- ДиIэщ. Къэбэрдей-Балъкъэрми Адыгэ Республикэми Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ я министерствэхэм зэрызапытщIам ипкъ иткIэ, ди мультфильмхэр нобэкIэ сабий гъэсапIэхэм къыщагъэлъагъуэ. Еплъа иужькIэ абыхэм яхэт гъэсакIуэхэм цIыкIухэр трагъэпсэлъыхьыж а ялъэгъуар къазэрыщыхъуам, къазэрыгурыIуам. Сэ сызэреплъымкIэ, телефонкIэ «YouTube»-м ихьэу илъагъумрэ сабий гъэсапIэм щыIэу езым хуэдэ цIыкIухэм я гъусэу зэплъымрэ цIыкIухэм зэрапкърыхьэр зэхуэдэкъым. Щызэгъусэм и деж къазэрыщыхъумкIэ зэдогуашэ, зы гупсысэ гуэри къыхах.

**- Мэржан, мульфильмхэм псалъэр ящIэплъхьэныр зэрекIуэкIыр гурыIуэгъуэщ, ауэ абыхэм уэрэдхэри хэтщ. Сэ си щхьэкIэ ар нэхъ лэжьыгъэ гугъуу къысщохъу. Дауэ абы фызэрыпэлъэщыр? Псалъэм папщIэ, «Лео и Тиг» мультфильмыр адыгэбзэм къивгъэтIэсащ. Абы уэрэд дахэ цIыкIухэр къыщоIу.**

- Уэрэдхэр сэ си пщэ дэслъхьэжащ. Си лэжьэгъу пщащэ Жылэгъуэт Заремэ сэрэ зыдодзэкI. Иджыпсту абы иужь дитщ. «Лео и Тиг»-р нэдгъэсыным аращ къэнэжар. Пэжщ, ар нэхъ гугъущ, ауэ ари къыдэхъулIэу къызолъытэ, гъэщIэгъуэн, дахэ хъуну къысщохъу.

**- Айдэмыр, фи Iуэхур кIуэтэнымкIэ нэхъыбэу фызыщыгугъыр проект вгъэхьэзырхэм къапэкIуэ грантхэращ. Проектхэр дауэ вгъэхьэзыррэ?**

- Абы зэпымыууэ дытолажьэ. Хабзэ пыухыкIахэр иIэщ абы. Уи лэжьыгъэр щIэзыгъэбыдэ сурэти видео теплъэгъуи уиIэн хуейщ, ахэр интернетым илъыпхъэщ. Псалъэм папщIэ, сабийхэр мультфильмхэм зэреплъым иIэ щхьэпагъыр къэбгъэлъэгъуэн хуейщ, я фIэщ пщIыуэ. Дэ грантым дыщIыхуейр адыгэбзэр тхъумэн папщIэщ. Ауэ ар дызыгъэгумэщIу зэрыщытым щыхьэт техъуэ Iуэхухэр утыку къипхьэн хуейщ. Лъыхъуэн щIыбодзэри, щIэныгъэлIхэм къабгъэдэкI лэжьыгъэу щыIэр мащIэ дыдэщ. Бзэм и Iуэхур зытетым теухуауэ тхыгъэ куэд урохьэлIэ, ауэ щIэныгъэ лъабжьэ ириту, а Iуэхум телэжьа зыри дгъуэтакъым. Абы Iуэхур гугъу къытщещI. Куэдым дыщылъыхъуащ. Нэхъ мыхьэнэшхуэ зиIэу дгъуэтар ЮНЕСКО-м и сайтыращ. Абы дунейм щыпсэу лъэпкъхэм я атлас иIэщ. Зытепкъузэ щIыпIэм бзэуэ къыщекIуэкIымрэ абыхэм я Iуэху зытетымрэ къредзэ. А зым зэпымыууэ зыхудогъазэ. Иджы абы и лъэныкъуэкIэ дэ езым къэпщытэныгъэ, гъэунэхуныгъэ лэжьыгъэхэр сабий гъэсапIэхэм щыдогъэкIуэкI. Грантым и хабзэхэм ар къозэгъ.

**- Адыгэ медиаплатформэм ищIхэр псори «YouTube»-м иволъхьэ. Мылъку къыпэкIуэнум (монетизацэ) фыщыгугъыу къыхэфхауэ ара а каналыр?**

- Хьэуэ. Дэ лицензэхэр къыщытщэхум уасэр нэхъ пуд хъун папщIэ абы къыпэкIуэнкIэ хъуну мылъкури кинотеатрхэм къыщыдгъэлъэгъуэнымкIэ къыдит Iэмалхэри Iуедгъэхауэ щытащ. Адыгэ медиаплатформэр мылъку къегъэщIыным темылажьэ IуэхущIапIэщ. Ди лэжьыгъэр нэхъыбэу ялъагъун папщIэщ «YouTube»-м къыщIитлъхьэр. Ди Iуэхур ипэкIэ зыгъэкIуатэр тщIэм щхьэпагъ гуэр пылъу къэзылъытэ цIыхухэм къыдат сомырщ. Аращи, ди щхьэ етпэсыркъым мультфильмхэр тщэну, ар мылъку хэхыпIэу къэдгъэсэбэпыну.

**- Адыгэбзэм къыфхуимыгъэтIасэ псалъэхэм фыщрихьэлIэ къэхъурэ? Сыт хуэдэ хэкIыпIэ абыхэм къахуэвгъуэтыр?**

- ЩыIэщ апхуэдэхэри. Ахэр къыхыдотхыкIри, хэзыщIыкIхэм захудогъазэ, нэхъыфI зэрыхъуным теухуауэ дечэнджэщу. Абы и лъэныкъуэкIэ къызэрыгуэкI цIыхухэри дэIэпыкъуэгъу къытхуохъу. Псалъэм папщIэ, социальнэ напэкIуэцIхэм дыщыщIоупщIэри, цIыхухэр къыподжэж: дэ къытхуэмыгъуэта псалъэр зы жылэ гуэрым щызекIуэу къыщIокI. Къезэгъыу, тэмэму хуэкIуэу къэтлъытэмэ, къыдогъэсэбэп.

**- АдыгэбзэкIэ «къэвгъэпсалъэ» мультфильмхэр зыгъэхьэзырар адыгэу щыщымыткIэ, ди лъэпкъ гупсысэкIэми пэжыжьэщ. Абы дауэ фызэреплъыр: адыгэ гупсысэм нэхъ пэблагъэ зэрыфщIыным иужь фит?**

- Пэжыр жытIэнщи, ар дыхэзыгъэгупсысыхь Iуэхущ, нэхъ кууэ дытелэжьэну дыхуейщ. Абы къыхэкIыу мультфильмхэр дэ тщIыну иужь дихьащ.

Зи гугъу пщIы щытыкIэм теухуауэ зы щапхъэ къэсхьынщ. «Лео и Тиг» мультфильмым и зы Iыхьэхэм ящыщ зым дыщрихьэлIащ гуитIщхьитI дызыщIа зы Iуэхугъуэ. Дэ ди дуней еплъыкIэм, гупсысэм теухуауэ и щхьэр течауэ дызытемыпсэлъыхь гуэр къыщаIуатэрт абы. ЩыщIагъэу пIэрэ ар адыгэбзэкIэ сабийм хуэпIуэтэныр?! Иджыри къыздэсым догупсыс тщIэнум: къыщытщэхуам къедгъэхъуэжыну хьэмэрэ къэдгъэнэну?

Ди хабзэр, щэнхабзэр дгъэкIуэтэнумэ, щIэблэм едгъэщIэнумэ, адыгэ мультфильмхэр дэ дгъэхьэзырыжын хуейщ. ДяпэкIэ ди Iуэхум а лъэныкъуэм зыщедгъэужьынущ. Мультфильмхэр зи деж къыщытщэхуа IуэхущIапIэм хъыбар къытIэригъэхьащ Нарт эпосыр зи лъабжьэ таурыхъхэр зэригъэхьэзырынумкIэ. Ауэ абы елэжьынухэр нэгъуэщI щIыпIэщ щыпсэур. ЗэкIэ дэ апхуэдэ Iэмал дыщимыIэкIэ, тхузэфIэкIынур абы и лицензэр къэтщэхужу нарт лIыхъужьхэр адыгэбзэкIэ къэдгъэпсэлъэжынырщ.

*Зыгъэхьэзырар*
**ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ.**




● Илъэсыщlэ lэнэм

# Бабыщ гъэжьа, мыlэрысэ илъу

Бабыщ гъэкъэбзар зэгуамыгъэжу псы щlыlэкlэ ятхьэщl, хъыдан къабзэкlэ ялъэщlыж. Бабыщ гъущам и щlыбми и кlуэцlми шыгъурэ шыбжийрэ фlыуэ щахуэ. Адэкlэ мыlэрысэр, нэхъ цlыкlуурэ къыхахри, ятхьэщl, якlхэр кърач, ялъэщlыж. Мыlэрысэхэр бабыщ кlуэцlым иралъхьэри, псы щlыlэ тlэкlу иракlэж, бабыщыр мастэlуданэкlэ зэгуадэж.

Тебэм тхъу тlэкlу щахуэ, бабыщ кудар, и щlыбыр егъэзыхауэ, абы иралъхьэ, псы тlэкlу щlакlэ, хьэкулъэм ирагъэувэри, дакъикъи 10 - 15-кlэ ягъажьэ. Бабыщылым занщlэу вэгъу дахэ къищтэн щхьэкlэ, хьэкулъэр пщтыру щытын хуейщ. Ар тхъуэплъ дахэ хъуа иужькlэ, мафlэ цlыкlукlэ хьэзыр хъуху ягъажьэ.

Бабыщылыр жьамэ, и куэпкъым гуахъуэ е сапэ хэпlумэ, щабэу хыхьэнущ, псы къыщlэжари яжьафэу щытщ. Ар хьэкулъэм кърахыжри, и щlыбыр егъэзыхауэ тепщэчышхуэм иралъхьэ, lуданэхэр къыхахыж. lэнэм зэпкърыхауи тебгъэувэ хъунущ, ауэ абы щыгъуэм лыр щlэхыу мэупщlыlу.

***Халъхьэхэр:*** бабыщу - 1, мыlэрысэу - г 500, бабыщ кlуэцlым иракlэ псыуэ - г 230-рэ, тебэм щахуэ тхъууэ - г 5, шыгъуу, шыбжийуэ - узыхуейм хуэдиз.

● Гъэщlэгъуэнщ

# Псей нэхъыбэ щащэр дэнэ?

♦«Псей цlыкlур мэзым къыщыкlащ» усэр япэ дыдэу 1903 гъэм «Малютка» сабий журналым къытрадзащ. Илъэситl дэкlри, Къудащ Раисэ и усэм макъамэ щlилъхьащ композитор Бекман Леонид.

♦Кубэ къэралыгъуэм и цlыхухэм я унэм щlэт хьэкъущыкъухэм махуэшхуэм ипэ къихуэу псы ирагъахъуэри, илъэсыщlэ жэщым ар уэрамым щракlут. Апхуэдэ щlыкlэкlэ я гуэныхьхэр япшыныжу къалъытэ.

♦Болгархэм илъэсыщlэм къахудэкlуэну фlы псори зей баш цlыкlухэм ирапх икlи ар махуэшхуэм и саугъэт нэхъыщхьэу тыгъэ ящl.

♦Алыджым илъэсыщlэр къыщихьэ жэщым унагъуэм и тхьэмадэр щlыбым къыщlокlри, нарыкlэ (гранат) блыным йоуэ. Лъэныкъуэ зэхуэмыдэхэмкlэ зэбгрылъэт жылэ цlыкlухэм ехъулlэныгъэкlэ поплъэ.

♦Европэм хыхьэ къэралхэм ящыщу илъэсыщlэ псей нэхъыбэ щащэр Даниерщ.

♦Уае Дадэр унэм ирагъэблагъэу СССР-м щыщlадзащ 1970 гъэм.

♦Илъэсыщlэ саугъэт нэхъыбэ щатри махуэшхуэм теухуа хъуэхъу тхыгъэ нэхъыбэ щызэбгрыкlри США-рщ.

# Псалъэзэблэдз

***Къехыу:*** **1**. Дэгъуэ, теплъэ екlу зиlэ. **4**. Щlымахуэм нэхъ щыщlыlэ е гъэмахуэм нэхъ щыхуабэ зэманхэм зэреджэр. **5**. Зи щхъуантlагъэр гъэмахуи щlымахуи зыфlэмыкlуэд уэздыгъей жыг лъэпкъ. **9**. Зэпедзэкlауэ дамэкlэ пэгун къызэрырахьэкl пхъэ къуаншэ, и кlапитlым фlэдзапlэ иlэу. **10**. Банэ хуэдэу къэщтэж, ... хуэдэу гъэтlылъыж *(псалъэжь)*. **11**. lэр имыгъэпlыщlэу, фlей имыгъэхъуу lэрыгъын папщlэ, lэпэ къэскlэ щхьэхуэу илъу е lэпхъуамбэшхуэ закъуэр къыхэгъэщхьэхукlауэ цы, фэ сыт хуэдэхэм къыхащlыкlыр.

***Екlуэкlыу:*** **2**. Бэракъ. **3**. Дыгъэ къыкъуэкlыгъуэм е дыгъэ къухьэгъуэм уафэ щlэплъыпlэм къыщищl плъыжьыгъэ. **6**. Псы щта. **7**. Ягъэплъурэ щыгъын сыт хуэдэхэр ирагъэхулlэу унагъуэм щызэрахьэ lэмэпсымэ. **8**. Къаруушхуэ зиlэ шы жэру нарт хъыбархэм узыщрихьэлlэ. **10**. Лlы дэкlуа цlыхубзыр къыздраша унагъуэ. **12**. Мыл, уэс гущlыlум зэрыщызекlуэ гу лlэужьыгъуэ. **13**. Хадэхэкl. **14**. Хьэуам къыхэкlыу хужь lэрамэ цlыкlуурэ щlым къытесэ псыlэгъэ зэщlэдия.

*Зэхэзылъхьар*
**БИЦУ Жаннэщ**.



**Дыгъэгъазэм и 17-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:**

***Екlуэкlыу:*** **1**. Парт. **3**. Дерт. **5**. Ажэгъуэмэ. **7**. Тхъу. **9**. Егъу. **12**. Щыблэ. **13**. Бжьахъуэ. **15**. Дэ. **16**. Тху. **18**. Бгъэрыщlэ. **21**. Саур. **22**. Пащlэ.

***Къехыу:*** **1**. Пощт. **2**. Таж. **3**. Дым. **4**. Тхьэгъу. **6**. Гъуэз. **8**. Хъурыфэ. **9**. Елъхъуэт. **10**. Блэ. **11**. Яжьэ. **14**. Къыр. **15**. Дерс. **17**. Хуарэ. **19**. Гъэр. **20**. Щlэп.



● Гъэм и тепщэ

# Тхьэкlумэкlыхьым сыт къытпигъэплъэр?

***Къуэкlыпlэ махуэгъэпсым теухуа хъыбарым къызэрыхэщыжымкlэ, псэущхьэ зэмылlэужьыгъуэхэр чэзууэ илъэс 12-м я тепщэу къокlуэкl. И кlэм нэблэгъа мы илъэсым, 2022 гъэм, и «тхьэмадэу» щытащ Къаплъэныр. Пащтыхь тахътэр абы хуригъэкlуэкlынущ lэдэбагъыр зи хьэл нэхъыщхьэ Тхьэкlумэкlыхьым икlи дызытехьэ илъэсыщlэр, 2023 гъэр, абы и нэlэм дыщlэту етхьэкlынущ. Дызэщlэвгъэдэlукlыт... Зэхэфхрэ лъэ макъ?! Щабэрыкlуэу къытхуоблагъэ...***

## Насып тlысыпlэ

АСТРОЛОГХЭМ зэрыжаlэмкlэ, илъэсыр зэрекlуэкlынур зыхуэдэр куэдкlэ елъытащ къуэкlыпlэ махуэгъэпсымкlэ гъэр зей псэущхьэм и хьэлым. Тхьэкlумэкlыхьыр псэущхьэ щабэщ, гумащlэщ, гуакlуэщ. Абы и зэраныгъэшхуэ къыуигъэкlыфынукъым.

Дызытехьэну гъэр илъэс нэхъ насыпыфlэхэм ящыщ зыуэ ябж. Гур зыгъэгумэщlын зэхъуэкlыныгъэхэр абы къытхуихьынукъым, къапщтэмэ, гъащlэр зэпlэзэрыту, пlейтеиншэу екlуэкlынущ. Зэгурымыlуэныгъэ щыlэхэр фlэщхъуныгъэ зыхэлъ псалъэкlэ зэфlагъэкlынущ, дызыгъэгузэва щытыкlэ нэхъ гугъу дыдэхэми дызэрыщымыгугъауэ нэхъыфlкlэ зыкъызэридзэкlыжынущ. Тхьэкlумэкlыхьым и илъэсым къытпегъэплъэ фlыгъуэ, дахагъэ, унагъуэ насып. Къызэралъытэмкlэ, мы гъэм унагъуэ зэгурымыlуэныгъи щыlэнукъым, фlыуэ зэхущыт цlыхухэм якуми псалъэмакъ мыщхьэпэхэр къыдэхъуэнукъым. Унагъуэ жьэгур насып тlысыпlэ хъунущ.

Гъэр зей псэущхьэр унагъуэ зэгурыlуэм, щlэблэм я нэщэнэу зэрыщытым тепщlыхьмэ, фи благъэ-lыхьлыхэм яхувиlэ щытыкlэр зэревгъэфlэкlуэным гулъытэ нэхъыбэ хуэщlыпхъэщ. Мы илъэсым куэдым я нэчыхьыр ирагъэтхынущ, унагъуэхэм хэхъуэ хъарзынэхэр яlэнущ.

## Илъэсым дызэрыпежьэнур

ТХЬЭКlУМЭКlЫХЬЫР унагъуэ псэущхьэщ, абы къыхэкlыу нэхъыфlыр Илъэсыщlэр уи унэм къыщибгъэхьэнырщ. Ар унагъуэ махуэшхуэу гъэпсауэ щытын хуейщ, фи илъэсыщlэ lэнэми фlыуэ флъагъу фи благъэ-lыхьлыхэмрэ ныбжьэгъухэмрэщ пэрысыпхъэр.

Цlыхум и дэрэжэгъуэр куэдкlэ елъытащ зэрыхуэпами. Аращи, фи щыгъыным гулъытэ хуэфщlыну зыщывмыгъэгъупщэ, ауэ евмыгъэлей, къызэрыгуэкlыу, екlуу щытыпхъэщ. Фи фэилъхьэгъуэхэр я плъыфэкlэ фlыцlэм цlугъэнэ гуэр хэту, хужьу, щхъуэуэ щытмэ, нэхъыфlщ.

Апхуэдэуи, Тхьэкlумэкlыхьым щlыуэпсыр фlыуэ зэрилъагъур къэфлъыти, абы и арэзыныгъэ фыхуеймэ, фи унэм и зы плlанэпэ дахэу зэхэлъ удз гъэгъахэмкlэ вгъэщlэращlэ.

Илъэсыщlэ lэнэм lэмал имыlэу бдзэжьейм къыхэщlыкlа шхыныгъуэхэр, хадэхэкlхэр, къуэн, къуэнтхъурей, бжьын цlынэ куэду телъыпхъэщ. Гулъытэ нэхъ хуэфщl салат зэмылlэужьыгъуэхэмрэ шхын псынщlэхэмрэ. Абыхэм lэнэр нэхъ ягъэдэхэнущ, фи узыншагъэмкlи нэхъ щхьэпэнущ. Шхыныгъуэ нэхъыщхьэу вгъэхьэзыр хъунущ хадэхэкlхэр къебэкlыу хьэкулъэкlэ гъэжьа джэдыр. lэнэр щывгъэщlэращlэкlэ хужьыфэм нэхъ тевгъащlэ, шэху уэздыгъэм, lэлъэщlым, хьэкъущыкъум дыщафэ хэтмэ, екlу дыдэ хъунущ. Апхуэдэуи абы тевгъэувэну къозэгъ тхьэкlумэкlыхь теплъэ зиlэ хьэпшып цlыкlу. Ар сытым хуэдэу Тхьэкlумэкlыхьым и гуапэ хъуну!

## Псэм къыбгъэдэкl саугъэтхэр

ИЛЪЭСЫЩlЭ тыгъэ... Ухэзыгъэгупсысыхьщ... Куэдым къызыхуэтыншэ тыгъэу къалъытэнкlэ хъунущ тхьэкlумэкlыхьыр. Нэхъапэкlэ къызэрыхэдгъэщащи, а псэущхьэ цlыкlум унагъуэм насып кърехьэ. Ауэ апхуэдэ тыгъэм фыкъытеувылlэн ипэ, ар зэфтынум къызэрыщыхъунум фыщlэупщlэмэ, нэхъыфlщ, иужькlэ ар зэхэзедзэн мыхъун папщlэ.

Апхуэдэуи фыкъытеувылэ хъунущ унэр зэрагъэщlэращlэ хьэпшыпхэми - lэкlэ щlа сурэт, гъуджэ, щхьэнтэ, тепlэн щабэ; къищынэмыщlауэ, хьэкъущыкъу зэмылlэужьыгъуэхэр, кхъуэщынхэкl щыкъум ит удз гъэгъахэр саугъэтыфlщ. Фи щхьэ фыхуэупсэж хуэдэу къыхэфх дэтхэнэ тыгъэри, псэм дыхьэнущ.

## Тхьэкlумэкlыхьыр къыфхуэфlыну фыхуеймэ...

ИЛЪЭСЫР зэпlэзэрыту щытынущ. Экономикэ гугъуехьхэр лъэныкъуэкlэ къытпекlуэкlынущ. Фи гъащlэм зэуэ зэхъуэкlыныгъэшхуэхэр хэзылъхьэн lуэхухэм зевмыпщыт, зэпlэзэрыту евгъэкlуэкlмэ, нэхъ тэмэмщ. Тхьэкlуэмэкlыхьым фlэфlкъым и щытыкlэр зэуэ ихъуэжын хуей щыхъур. Унагъуэ зыухуэну гупыж зыщlхэм я дежкlэ зэманыфl дыдэщ. Гъэм и тепщэ псэущхьэ цlыкlур а lуэхум сыт щыгъуи и телъхьэщ.

*Зыщывмыгъэгъупщэ:* сытым зевпщытми, мардэр фщlэжрэ фи пщlэр фlыгъыжу фыщытыпхъэщ. Тхьэкlумэкlыхьыр къыфхуэфlу илъэсыр ифхыну фыхуеймэ, фи цlыхугъэр фхъумэж!

● Гъэлъэгъуэныгъэхэр



# Илъэсыщ1э саугъэт



**«Сквер 100-летия» зыгъэпсэхупIэм хыхьэу яухуа гъуазджэ галереем къыщызэIуахащ «Шире круг» гъэлъэгъуэныгъэр. Ар къызэригъэпэщащ къалэм зегъэужьынымкIэ «Платформа» IуэхущIапIэм.**

ВЫСТАВКЭМ къызэщIеубыдэ республикэм и сурэтыщI пщыкIузым - Аккизов Керим, Аккизовэ Имарэ, ДыщэкI Мурат, Жэбалы Заирэ, Зеленская Юлэ, ХьэцIыкIу Миланэ, Къарей Элинэ, Щомахуэ Дарье, Атэлыкъ Мариам, Курдановэ Мадинэ, Романовская Еленэ сымэ - я Iэдакъэ къыщIэкIа лэжьыгъэ щэ бжыгъэхэр.

Выставкэм увыпIэ ин щаубыдащ Аккизовэ Имарэ и гуащэ телъыджэхэм. Апхуэдабзэу гъэщIэгъуэныщэщ утыку кърахьа лэжьыгъэхэм ухэплъэну.

- Мы пэшыр къызэIуахагъащIэми, къалэм и дежкIэ ар мыхьэнэшхуэ зиIэ гъуазджэ утыкущ. ЦIыхухэр зэса Лъэпкъ, СурэтыщI гъуазджэхэмкIэ музейхэм иджыри зы къахэхъуащи, мыри цIыху кIуапIэ хъуну ди гуапэщ - жиIащ Аккизов Керим.

КъБР-м и СурэтыщIхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщI Къаныкъуэ Жаннэ къыпищащ галереем республикэм и художник Iэзэхэм я лэжьыгъэ хьэлэмэтхэм зыщыхагъэгъуэзэну, ар гъуазджэм дихьэххэм я зэхуэсыпIэ хъуну зэрыщыгугъыр жиIащ икIи къалэм зегъэужьынымкIэ «Платформа» IуэхущIапIэм фIыщIэ хуищIащ, выставкэр къызэрызэригъэпэщам папщIэ.

Галереем мыр и етхуанэ гъэлъэгъуэныгъэщ. Абы мазэ къэс выставкэ щIэщыгъуэхэр къыщызэIуах, республикэм исхэм художникхэр зрагъэцIыхун, гъуазджэм драгъэхьэхын папщIэ. Иджырейр щIыналъэм щыпсэухэмрэ абы и хьэщIэхэмрэ хуащIа Илъэсыщ1э саугъэтщ. IуэхущIапIэм и бжэхэр зэIухащи, гупыж зыщI дэтхэнэми а лэжьыгъэхэм феплъыну Iэмал фиIэщ.

**ТЕКIУЖЬ Заретэ.**
*Сурэтхэр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*

● ДифI догъэлъапIэ

# Апхуэдэщ Марианнэ

**«Гуп зыгъэгупыр гуп и уасэщ», жаIэ игъащIэми. Мы псалъэжьым къегъэлъагъуэ, шэч хэмылъу, цIыхум и щытыкIэ нэхъыщхьэ дыдэхэм ящыщ зыбжанэ - цIыху хэтыкIэ, лэжьэгъухэм ядэгъуэгурыкIуэкIэ, гупым хэзэгъэкIэ зэрищIэр. Сыт нэхъыфI щыIэн-тIэ абы нэхърэ?! Мис апхуэдэу «Адыгэ псалъэ» газетым и редакцэм и лэжьакIуэхэм къытхэтщ мы махуэм зи ныбжьыр илъэс бжыгъэ дахэ ирикъу Щомахуэ Марианнэ.**



ЗЕИКЪУЭ къыщалъхуа хъыджэбзым курыт еджапIэр Налшык къыщиухащ 1991 гъэм. Абы иужькIэ ар щеджащ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и филологие факультетым. Илъэс 25-м щIигъуауэ ар щолажьэ «Адыгэ псалъэм», иджыпсту компьютеркIэ газетым и теплъэр зыщIхэм ящыщ зыщ.

ФIыуэ плъагъу цIыхум, ар мыIейуэ пцIыхуу уи гугъэми, утепсэлъыхьыну гугъущ, хужыпIэну узыхуей псори пхузэкIэлъымыгъэкIуэнкIэ узэрышынэм къыхэкIыу. НэгъуэщI зы лъэныкъуэкIи, къилэжь псалъэ дахэхэр лъыбгъэсыныр сытым щыщ, ахэр къэбгупсысын щыхуэмейкIэ?! Лэжьыгъэр къапщтэмэ, пщэрылъ щащI псори нэгъэсауэ зэрищIэным елIалIэ икIи къызэхъулIэ цIыхущ ар, зыгуэр игу иримыхьмэ, и щхьэр течауэ къыбжиIэрэ нэхъыфI зэрыхъуныр къыхигъэбелджылыкIыу.

Марианнэ щытхъу зыхуэфащэ, ар егъэлея зыхуэмыхъун цIыху дахэщ, гъэсащ, пщIэрэ нэмысрэ зыхэлъщ. И цIыхуфIагъым къаруушхуэ къытригъэуэн и гугъэу псалъэ «ткIыбжьхэмкIэ» зихъумэжми ярейщ Марианнэ. Ауэ абы жиIэхэр зыми уэим ищIыркъым, хьэрэмыгъэм къызэрыхимыхыр, жагъуэу илъагъуу зы цIыху редакцэм зэрыщымылажьэр, зэрыгушыIэрейр ящIэри. Зыгуэр игу иримыхьми ибзыщIынукъым Щомахуэм, апхуэдизкIэ жьэнахуэщи, «уи нэр ирищIу» жыхуаIэм хуэдэу къыбжиIэнущ. Абы щыгъуэми, зыхуэбгъэгусэфынукъым, уи жагъуэ пхуэщIынукъым, ар жызыIэр Марианнэщи.

Зэи къэхъуауэ тщIэркъым абы нэщIыбагъкIэ зыгуэрым зыгуэр щыхужиIа: игу къеуэIарэ - къехьэкI-нехьэкI хэмылъу жиIэнурэ, абдежым Iуэхур щызэфIэкIащ. Ныбжьэгъу зыгъэныбжьэгъуф, зыгъэпэжыф, зи гулъытэ ялъызыгъэсыф бзылъхугъэр я псэм хэлъым хамыхыну фIыщэу ялъагъу абыхэм.

Дэтхэнэ зы бзылъхугъэми хуэдэу, Марианнэ и къулеигъэ нэхъыщхьэр и бынращ. Тэтэр Маринэ зи теплъэкIи зи акъылкIи зэкIуж хъыджэбз нэмысыфIэщ. Курыт еджапIэр дыщэ медалкIэ Налшык къыщиухри, ар щIэтIысхьащ Москва дэт къэрал ухуакIуэ университетым. Ухуэныгъэм и управленэмрэ экономикэмкIэ факультетым и бакалавриатри магистратурэри диплом плъыжькIэ къиухащ. ИлъэситI хъуауэ ар экономисту щолажьэ УФ-м УхуэныгъэмкIэ и министерствэм и щIэныгъэкъэхутакIуэ центрым.

Марианнэ и махуэм ирихьэлIэу дохъуэхъу фIыуэ илъагъу псори къыкъуэту, абыхэм дэрэжэгъуэ кърату, и хъыджэбзым и гуфIэгъуэ хэплъэу, тхъэжу псэуну!

***«Адыгэ псалъэ» газетым и редакцэм и лэжьакIуэхэр.***

# ЦIыкIухэр щогуфIыкI

**Илъэсыщ1эр зэрытелъыджэр псом хуэмыдэу щызыхэпщIэр сабиигъуэрщ. ЦIыкIухэр абы поплъэ пIейтейуэ, тыгъэу къратынухэр гукIэ зэрагъэзахуэу, Уае Дадэмрэ Уэе Гуащэмрэ ятеухуауэ куэдым щIэупщIэу, хьэлъэмэту махуэшхуэм хэлъхэр я гум щагъэтIыгъуэу.**

ЩХЬЭЛЫКЪУЭ къуажэм дэт сабий сад №1-м и гъэсэн цIыкIухэр Илъэсыщ1эм пежьащ псей гъэщIэрэщIар зэщIэпщIыпщIэу ягъаблэри, Уае Дадэмрэ Уэс пщащэмрэ кърагъэблэгъащ. Сабийхэм жаIащ щIымахуэм, уэсым, псей цIыкIум теухуа усэхэмрэ уэрэдхэмрэ. Ахэр къэфащ, мэз псэущхьэхэр зыхэт теплъэгъуэ цIыкIухэр къагъэлъэгъуащ, джэгу-зэпеуэ гъэщIэгъуэнхэри ирагъэкIуэкIащ. ИужькIэ, Уае Дадэм цIыкIухэм къаригъэщIащ къуажэхьхэр. Абы и къэлътмакъым кърихри, цIыкIухэм къахуигуэшащ абыхэм къахуихьа IэфIыкIэ-тыгъэхэр.

**НАФIЭДЗ Ислъам.**



*Ди газетым и къыкIэлъыкIуэ номерыр къыщыдэкIынур 2023 гъэм щIышылэм и 10-рщ.*


Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ПИ № ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI. 12+

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым – 42-56-19; унафэщI-редакторхэм - 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66

Индексыр П 5894 • Тиражыр 1.783 • Заказыр №2596

ДИ ХЭЩIАПIЭР
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цIэр зезыхьэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ къатхэр.

Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 18.00-рщ.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.
357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А